ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-М И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№75 (23.733) ● 2018 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 19, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Парламент Іуэхуэр

ЩІалэгъуалэм я зэчийр къагъэлъагъуэ

КЪБР-м и Парламентым щекІуэкІащ щІалэгъуалэмрэ курыт еджапІэхэм щІэсхэмрэ папщІэ «Си хабзэубзыху жэрдэм» зыІущаща зэхьэзэхуэм щытекІуа ныбжьыщІэхэр щагъэфІэж зэхьыхь.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэмрэ «Интеграцие» Урысейпсо жылагъуэ зэгучьэныгъэмрэ я жэрдэмкІэ къыщэрагъэпэщащ зэпеуэр къызэрыунэхуэр мы гъэм илъэс 13 ирокъу. Ар Іыхьищу зэхэлъщ, пэублэ Іыхьэр щІыналъэхэм щрагъэкІуэкІ. Зэпеуэм я зэфІэкІ щагъэльэгъуэну Іэмал яІэщ курыт школхэм щагъэжьу ныбжьыщІэхэм, студентхэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я аспирантхэмрэ, щІалэгъуалэ жылагъуэ зэгучьэныгъэхэм я лІыкІуэхэм.

КЪБР-м и Парламентым и Комитетым и унафэщІ **Азычэ Светланэ** ныбжьыщІэхэр фІэхъус гуапэкІэ къригъэблэгъащ икІи къыхихыщащ зэпеуэм къагъэхьа лэжьыгъэ 12-м щыщу 8-м саугъэт зэмылІэужьыгъуэхэр зэрызагъэфэщар. КъищынэмыщІауэ, зэпеуэм и къызэгъэпэщакІуэ гупым и унафэкІэ нэхъыфІу къалЪыта лажьыгъи 6-р УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм ирагъэхьащ. Ди республикэм щыщ ныбжьыщІищ хэтащ Къэрал Думэм щекІуэкІа Іыхьэм икІи щыми саугъэтхэр къыхуагъэфэщащ. Зы лажьыгъэр зэпеуэм и урысейпсо Іыхьэм щытекІуащ. ТекІуэныгъэм и щыхьэт дипломхэр (нагъыщ зэхуэмыдэхэм щІэту) ираташ **Шэрэдж Аслъэн**, **Блий Каринэ**, **Киреевэ Дарье** сымэ, апхуэдэу зэпеуэм и лауреат хъуауэ **ПІэужь Ахьмэд**, **Ащхъуэт Каринэ**, **Созаев Кязим** сымэ.

Зэпеуэм щытекІуа щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ щекъэхъуэм, Азычэ Светланэ жиІащ:

- Хабзэубзыху Іуэхум пыщІауэ вгъэлъагъуа Іэзагъым дяпэкІи хэвгъэхуауэ дыщогугъ. Фэращ, къыдэкІуэтей щІэблэщІэращ, зэлъытар ди къуажьмрэ адэкІи лъэшу зиужьыныпхэр ар зытекІуэ тхыдэ гъуэгуанэщІэр зыхуэдэнумрэ.

Азычэ Светланэ фІыщІэ яхуищІащ ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІыр нэхъыфІу кагъэльэгъуэныкІэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхьуа, ядэлэжьа щІэныгъэ унафэщІхэмрэ КЪБР-м и Парламентым хэт депутатхэмрэ.

Урысейпсо зэпеуэм щытекІуа щІалэгъуалэм къыхуагъэфэща щІыхь тхьилъхэмрэ дипломхэмрэ ритыжащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Іыхь и Іуэхущ **Жанатаев Сэлим**.

- Илъэсипщ Іуэхуэ сахэтщ мы зэпеуэр езыгъэкІуэкІхэм, - жиІащ Жанатаевым, - икІи сыт щыгъуи си гуапэщ зэфІэкІ хъарзынэхэр къызыгъэльагъуэ ди ныбжьыщІэхэм садэлажьэну. Апхуэдэ щІэблэ диІэмэ, ди республикэм и къэкІуэнум дытемышынэхьыми хъунущ.

КЪБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм зэпеуэм и урысейпсо Іыхьэм хъарзынэу зэрызыкъыщигъэльэгъуам папщІэ диплом къыхуагъэфэщащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэ**, фІыщІэ къыхуащІащ зэпеуэм и щІыналъэ Іыхьэр егъэкІуэкІыныжмкІэ къызэгъэпэщакІуэ гупым и унафэщІ, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къудзэ **Жанатаев Сэлимрэ** Парламентым ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІалэгъуалэмкІэ, щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Азычэ Светланэрэ**.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іанэ.

Сабийхэм ядэІэпыкъуным теухуа республикэпсо щэбэт щІыхьэху егъэкІуэкІыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 13-м №102-ПП *Налшык къалэ*

Унагъуэ хуэмыщІахэм, сабий куэд зэрыс унагъуэхэм, дэІэпыкъуэгъу хэзыкъуэ адрей унагъуэхэм ящыщу республикэм и курыт еджапІэхэм щІэсхэм защІэгъэкъуэн мурадкІэ, 2018 - 2019 гъэ еджэгъуэщІэм и пэ къихуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюз организацэхэм я зэгучьэныгъэ» союзым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЦІыхубзхэм я союз» щІыналъэ жылагъуэ зэгучьэныгъэм, лэжьакІуэ гупхэм сабийхэм ядэІэпыкъуным теухуа республикэпсо щэбэт щІыхьэху 2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м егъэкІуэкІыным хуэгъэзауэ къыхалъхьа жэрдэмыр ядэІыгъын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал органхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм, си мылькуу щытым емыльытауэ, организацэ псоми чэнджэщ етын сабийхэм ядэІэпыкъуным теухуа республикэпсо щэбэт щІыхьэхэм хэтыну икІи зы махуэ лэжьапщІэ республикэпсо щэбэт щІыхьэхум и фондым халъхьэну.

3. Республикэпсо щэбэт щІыхьэхум хэтхэм езыхэм я жэрдэмкІэ зэхалъхьэ ахъшэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым и «Урысей Федерацэм и бюджет Іэнатіэр зэхуэгъэхъуным Федеральнэ казначействэм тригуашэ хэхъуэхэр» 40101810000000017 счетым «Урысей Федерацэм и субъектхэм я ахъшэр къэзыгъэсэбэпэхэм цІыху щІыхьэхуэм езыхэм я жэрдэмкІэ хухах ахъшэр» 20702020020000180 кодымкІэ ягъэхь сабий зиІэ унагъуэхэм ящыщу нэхъ хуэмыщІахэм трагуэшэн папщІэ.

4. Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етын:

еджагъуэ ныбжьым и сабийхэм (сабий зеиныжхэм, адэанэм я жьауэм щІэмыжку къэна сабийхэм, сабий ныкъуэдыкъуэхэм, унагъуэ нэхъ хуэмыщІахэм ящыщ сабийхэм) я адэ-анэхэу (ахэр зыпІыжхэу) зэуэ хухах дэІэпыкъуныгъэр зратынухэм я спискхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм егъэхьныр къызэрагъэпэщыну;

ахъшэр зэрызэхуахьэсымрэ дэІэпыкъуныгъэр и зэманым зэрыратым теухуа информацэр и зэманым зэрагъэхъэзырымрэ кІэлъыплІыну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм хуэгъэзауэ сабийхэм ядэІэпыкъуным теухуа республикэпсо щэбэт щІыхьэхум и фондым къихьа ахъшэр муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыналъэ администрацэхэм къагъэхьа спискэхэм ябгъ итКІэ дэтхэнэ зы сабийми хуэзэу сом мини 2 2018 гъэм фокІадэм и 1-м и пэ къихуэу яритыну.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм хуэгъэзауэ сабийхэм ядэІэпыкъуным теухуа республикэпсо щэбэт щІыхьэхум къыркІуэхэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іанэ зэрызыгъэнэфащ.

7. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплІыну и пщэ илъэсэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къудзэ Мовсисян Г. О.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ мардэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 18-нэ, 61-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ мардэхэм я Іуэхукіэ» 2002 гъэм щыщхьэІуфм и 3-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №52-РЗ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр зэхъуэн:

1. 18-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и пункт 4-м хэт «Урысей Федерацэм и субъектхэм я хабзэ мардэхэм я федеральнэ регистрым,» псалъэхэм дэщІыгъуэжьи «Урысей Федерацэм Юстицэмкіэ и министерствэм и «Урысей Федерацэм и хабзэ мардэхэр» порталым итым» жиІэу.

2. 61-нэ статьям и Іыхьэ 3-м хэт «Урысей Федерацэм и субъектхэм я хабзэ мардэхэм я федеральнэ регистрым,» псалъэхэм дэщІыгъуэжьи «Урысей Федерацэм Юстицэмкіэ и министерствэм и «Урысей Федерацэм и хабзэ мардэхэр» порталым итым» жиІэу.

1 статья

Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадзам щегъэжьауэ махуипщІ дэкІа нэужь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м №14-РЗ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ мардэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 18-нэ, 61-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщтащ 2018 гъэм накъыгъэм и 24-м

1 статья

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ мардэхэм я Іуэхукіэ» 2002 гъэм щыщхьэІуфм и 3-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №52-РЗ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр зэхъуэн:

1. 18-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и пункт 4-м хэт «Урысей Федерацэм и субъектхэм я хабзэ мардэхэм я федеральнэ регистрым,» псалъэхэм дэщІыгъуэжьи «Урысей Федерацэм Юстицэмкіэ и министерствэм и «Урысей Федерацэм и хабзэ мардэхэр» порталым итым» жиІэу.

2. 61-нэ статьям и Іыхьэ 3-м хэт «Урысей Федерацэм и субъектхэм я хабзэ мардэхэм я федеральнэ регистрым,» псалъэхэм дэщІыгъуэжьи «Урысей Федерацэм Юстицэмкіэ и министерствэм и «Урысей Федерацэм и хабзэ мардэхэр» порталым итым» жиІэу.

2 статья

Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадзам щегъэжьауэ махуипщІ дэкІа нэужь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м №14-РЗ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкІэ и кодексым и 6.1-нэ статьям къару имыІэжу къэлъытэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкІэ и кодексым и 6.1-нэ статьям къару имыІэжу къэлъытэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын, Іэ щІидзын икІи хэІущІыІу ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 24-м №862-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкІэ и кодексым и 6.1-нэ статьям къару имыІэжу къэлъытэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщтащ 2018 гъэм накъыгъэм и 24-м

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкІэ и кодексым, №66-РЗ-м щІэту 2003 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м къащтам, и 6.1-нэ статьям къару имыІэжу къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м №13-РЗ

«2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын, Іэ щІидзын икІи хэІущІыІу ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 28-м №866-ПП

2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщтащ 2018 гъэм накъыгъэм и 24-м

1 статья

2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр (адэкІэ - республикэ бюджетщ) гъэзэщІа зэрыхъуам теухуа отчетыр къэщтэн хэхъуэхэмкІэ том мин 25174610,7-рэ абы щыщу ямыпшыныжыну къаІэрыхьа ахъшэр сом мин 15351353,2-рэ, хэщІэжкІэ сом мин 27864459,3-рэ хъуэу, хэхъуэхэм нэхърэ хэщІэр (республикэ бюджетым хуримыкъур) сом мин 2689848,6-кІэ нэхъыбэу, мы къыкІэлъыкІуэ Іыхьэхэм тегъэ:

республикэ бюджетым и хэхъуэхэмкІэ классификацэм и кодхэмкІэ 2017 гъэм республикэ бюджетым и хэхъуэхэр мы Законым и гуэдзэн №1-м къыззэрыщыгъэльэгъуам хуэдэу;

республикэ бюджетым и хэщІхэр ведомствэхэм зэрагъэгъэщам и лъэныкъуэкІэ 2017 гъэм республикэ бюджетым и хэщІхэр мы Законым и гуэдзэн №2-м къыззэрыщыгъэльэгъуам хуэдэу;

республикэ бюджетым и хэщІхэмкІэ я классификацэм и разделхэмрэ раздел къуэдзэхэмрэ ятещІыхьауэ 2017 гъэм республикэ бюджетым и хэщІхэр мы Законым и гуэдзэным къыззэрыщыгъэльэгъуам хуэдэу;

республикэ бюджетым хуримыкъу ахъшэм и хэкІыпІэхэмкІэ классификацэм и кодым тещІыхьауэ 2017 гъэм республикэ бюджетым хуримыкъу ахъшэм и хэкІыпІэхэр мы Законым и гуэдзэн №4-м къыззэрыщыгъэльэгъуам хуэдэу.

2 статья

Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м №17-РЗ

«Адыгэ псалъэр» унагъуэ псоми ирырелъ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

Мэлыхьыхьым и 1-м щІидзауэ КЪБР-м Пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм ирегъэкІуэкІ 2018 гъэм и еІуанэ илъэс ныкъуэм къыщІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ трегъэдзэным теуху лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ рес-публикэм ди анэдзлъхубзэкІэ къыщыдэкІыр икІи ар илъэн хуейщ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми. АбыкІэ арэзы къыддэхъуну ди гугъэщ адыгэ зыкъэзылъытэж псори. Ди бзэкІэ унагъуэм дыщымыпсалъэмэ, адыгэ газет, журнал абы имылъмэ, ди щІэблэр, зэрыщыту лъэпкъыр куэдым хэнынущ. Апхуэдэу къэмыхъун папщІэ, ди щІэджыкІакІуэхэр фыкъыхудоджэ а Іуэхум фепІощІэкІыну - Іэ тедзэгъуэр мэкъуауэгъуэм и 25-м еух.

Газетым Іэ щытевдзэ хъунущ КЪБР-м и пощт Іуэхущ Іапі Іэхэм. Газетыр унэм ныфхуахьынущ е, апхуэдэу нэхъ къафщтэмэ, пощтхэм къыщыватыжьынущ. Унэм ныфхуахьынмэ «Адыгэ псалъэм» и Іэ тедзапщІэр **илъэс ныкъуэм сом 564-рэ кІэлеикІэ 48-рэ хъуэ аращ, ар пощтым къыщІыфхьыжынумэ - абы сом 511-рэ кІэлеикІэ 44-рэ хуоз.**

Ди индексыр 51531

Мы мазалъхэм

Мэкъуауэгъуэм и 19, Гъубж

♦США-м щагъэлъапІэ пщылІэхэр хуит щыхъужа махуэр. 1862 гъэм США-м и президент Линкольн Авраам Іэ тридзащ я гъэралым пщылІыгъэр щымыгъэжьыным теуху законым.

♦Журт автономнэ областым щагъэлъапІэ я гербымрэ ныпымрэ я махуэр

♦Алжирым и революцэм и махуэщ

♦Кувейтым и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ

♦1920 гъэм РСФСР-м и ЦІыхубз комиссархэм я советым щІэныгъэншагъэр гъэкІуэдыным теуху я урысейпсо комиссэ къызэригъэпэщащ.

♦1991 гъэм советыдзэхэр Венгриием къыщыхьын яухащ.

♦Совет тхакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, Лениным и цІэр зезыхьэ саугъэтым, СССР-м, Белоруссием я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Быков Василь** къызэральхъуа илъэс 94-рэ ирокъу.

♦УФ-м и щІыхубз артистка **Селезнёвэ Наталье** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Совет хоккеист цІэрыІуэ, къэралым и гуп къыхэхам я гъуащхьэтету щыта, Олимп джэгуэм дыщэ, дыжьын медалхэр къыщызыхьа, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Мышкин Владимир** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Хоккеист цІэрыІуэ, Совет Союзым и гуп къыхэхам хэту Олимп джэгуэм тІэунейрэ щыщытекІуа, зэ дыжьын медаль къыщызыхьа, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Макаров Сергей** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦КЪБР-м щІыхь зиІэ и журналист, республикэм и Правительствэм и саугъэтыр зрата **БищІо Іэсият** къыщалъхуа махуэщ.

♦Норвегием щыщ спортсмен **Дели Эрленд Бьёрн** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу. ЛыжажІэ къызэдэжэн спорт лІэужьыгъуэм абы щиІэ ехьулІэныгъэхэм хуэдэ къыхьын зыхьэзэфІэкІа зэкІэ дунейм щыІэкъым. Ар Олимп Джэгуэм 8 щытекІуащ, дунейм бгъуэнейрэ и чемпион хъуащ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэзыс тІэкІу къещІехьнущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 23-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 20, бзэрэжьей

♦Зи псэупІэр Іэмалышагъэкіэ зыхъуэжьи хуей хъуахэм я дунейпсо махуэщ

♦Зоопаркхэм щаІыгъ хуей хъуамэным и дунейпсо махуэщ

♦Узбекистаным и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ. 1990 гъэм къащтащ я къэрал суверенитетым теуху декларацэр.

♦Аргентинэм и лъэпкъ ныпым и махуэщ

♦Азербайджаным газым пыщІа и Іуэхущ Іапі Іэхэм я махуэр щагъэлъапІэ

♦1933 гъэм СССР-м и прокуратурэ нэхъыщхьэр къызэрагъэпэщащ.

♦1937 гъэм Чкалов Валерий, Байдуков Георгий, Беляков Александр сымэ зэрыс АНТ-25 къэхъулъатэр, Ищхъэрэ полюсыр зэпичупщІри, США-м щыщ Сан-Джасинтэ къалэм щетІысэхащ. Километр 10148-рэ хъу гъуэгуанэр абыхэм зэпачат сыхьэт 63-м щІигъкІэ.

♦1957 гъэм Москва Союзхэм я Унэм и Колоннэ залышхуэм къыщызэІуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м гъэздэжьэмрэ литературэмкІэ и гъэлъэгъуэныгъэр.

♦1991 гъэм Германием и парламентымрэ правительствэм хэтхэмрэ унафэ къащтащ къэралым и щыхьэру Берлин къалэр (Бонн и пІэкІэ) къэлъытэным теухуауэ.

♦1991 гъэм Латвиер техьэжащ 1922 гъэм къащтауэ щыта конституцэм.

♦Совет режиссёр-мультипликатор цІэрыІуэ, Урысей Федерацэм и цІыхубз артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Котёночкин Вячеслав** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу. Абы игъэуба мультфильм гъэщІэгъуэн куэдыкІейм я нэхъ щІэрыІуэ хъуар «Ну, погоди!» жыхуиІэращ.

♦ЩІэрджэс тхакІуэ **Къъуэхъу Цуцэ** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ, здэзэкІакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Рождественский Роберт** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, МКЪУ-м и профессор, жылагъуэ лэжьакІуэ **Дроздов Николай** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Австралием щыщ актрисэ цІэрыІуэ, «Оскар», «Золотой глобус» (щэнейрэ), нэгъуэщІ саугъэт куэди зыхуагъэфэща **Кидман Николь** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Урысейм и сабийхэм шахматымкІэ я зэфІэкІыр «Дыгъафіэ къалэм» щагъэунэху

КЪБР-м и «Дыгъафіэ къалэ» творческэ академием зы тхьэмахуэкІэ шахматкІэ щыІэпеуэнущ Урысейм и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм къикІа школакІуэу 96-рэ. Зэхьэзэхуэр зэхэхауэ ирагъэкІуэкІынущ илъэси 5 - 8, илъэси 9 - 10, илъэс 11 - 12, илъэс 13 - 14 зи ныбжьхэр зыхэтыну гупхэм.

ФИГУ щагъэзэкІыжьыщ, «Егъэджэныгъэм зегъэужьыным и Іамалыщ Іэхэмкіэ фондым» къызэрыхилъхьам тету, сабийхэмрэ щалэгъуалэмрэ я шахмат щІэныгъэм зегъэужьыным кІэ щыналъэ пэрытхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр хагъэхьауэ зэрыщытар. Иджыпсту щыІэ шахмат клубхэм къадэкІуэу, абы и лъэныкъуэкІэ сэбэпышхуэ зыхунущ псори зэхэту метр зэбгъуэнатІэ 1500-м щІигъу хъу шахмат клубыщІэ Налшык и кум зэрыщаухуэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

Илъэс пщыкІухкІэ дызыпэплъа дэрэжэгъуэ

Махуэку кІуам Урысей Федерацэм къыщызэІуахащ футболымкІэ XXI дунейпсо чемпионатыр.

АБЫ И ПЭЩІЭДЗЭ зэІущІэм ди къэралым и командэ къыхэхам илъэс пщыкІухкІэ дызыпэплъа дэрэжэгъуэр къыщыдитащ - мы зэхьэзэхуэ иным и кІэух зэпеуэм и хьэрхуэрэгъуэ щыІэгъэщІащ. Нэхъ инэІуэкІэ апхуэдэ къыщыхьуар 2002 гъэращ. Абы щыгъуэм Япониемрэ Кореемрэ щекІуэкІа зэхьэзэхуэм ди щІалэхэм Тунисыр щыхагъэщІауэ щытащ.

ФутболымкІэ XXI дунейпсо чемпионатыр къызэІуха хъуащ ди хъуэпсапІэ нэхъ ин дыдэр нахуэ ищІауэ. Хэт и гугъэнт зэхьэзэхуэм зыщыхагъэхьэзыра иужь джэгуГъуиблым зыми пэмылъэщІа Урысей Федерацэм и футболистхэм апхуэдэ текІуэныгъэ дахэ зыІэрагъэхьэну?! Ар къэхъащ дунейм щрокт къытКІэлъыплІу икІи къэмкІэ къыдэхъуапсэу.

Ди щІалэхэм махуэкум я хьэрхуэрэгъуэ щыта Саид Хьэрыпым и командэ къыхэхар, дауи, мы зэхьэзэхуэм щынэхъ лъэщхэм ящыщхъым. Абы щыгъуэми, Урысей Федерацэм и футболист нэхъыфІхэр тегушхуэн, я къарур здынэсыр я фІэщ хъужьи папщІэ мыхьэнэшхуэ зиІэт.

(КІэухыр 4-нэ нап.).

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Дзыхь зыхуумыщІ щыкъур мэкъутэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэухущіапіэхэр 2018-2019 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум хуэгъэхьэзырыным и Іуэхуіхь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м *Налшык къалэ*

№65-ПП

Зи мылъкуу щытым емылъытауэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм, социальнэ Іэнатіэм хиубыдэ организацэхэр 2018-2019 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэблэу кьыхэмыкІыу лэжьэныр кьызэгъэпэщын мурадкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. 2017-2018 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іуэхущіапіэхэр зэрылэжьам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ, гъэузу хозяйствэмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Швачий Т. Ю. кьыхилъхьа информацэр кьэлъытэн.

2. Къэщтэн мы унафэм щыгъуэху:

2018-2019 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и организацэхэр хуэгъэхьэзырыныкІэ зэфІагъэкІынухэм я планыр (адэкІэ - ЯлэжьынуэмкІэ планыр);

2018-2019 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и организацэхэр хуэгъэхьэзырыныкІэ комиссэм хэтэхр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кьэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм кьалэн ящыщІын, муниципальнэ районхэм, кьалэ округхэм я щІыналъэ административнэ-территориальнэ зэрылэжьэнум ехьэлІауэ, зи мылъкуу щытым емылъытауэ - организацэ псомэ чэнджэщ етын:

Капитальнэ зэрагъэпэщыжьын папщІэ зэфІагъэкІынухэм я планым хагъэхьа Іуэхущіапіэхэм трагъэкІуэдзэну ахьшэр кьалъытэну;

Котельнэхэм папщІэ гъэсыныпхъэ гъэтІылъыгъэхэр 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м фІэмыкІыу ягъэхьэзырыну;

псэупІыгъэр кьызэзыгъэпэщ системэм хиубыдэ Іуэхущіапіэхэм кьыщыхъу зэкІэлъымыкІыгъэхэр икІэщыпІэкІэ ягъэкІуэдыжьын папщІэ зыхуеину мылъку гъэтІылъыгъэхэр кьызэрагъэпэщыну;

бюджет Іэнатіэм хиубыдэу Іуэхущіапіэхэмрэ хуэмыщІауэ псэу цІыхухэмрэ папщІэ хуабэмрэ псымрэ кьызэращ Іэмэпсымэхэр гъэувыным адэкІэ пащэну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм кьалэн ящыщІын, зи мылъкуу щытым емылъытауэ - организацэ псомэ чэнджэщ етын езыхэм я балансхэм щыт унэхэм хиубыдэ инженер коммуникацэхэр зэрылэжьэнум 2018 гъэм фокІадэм и 25-м фІэмыкІыу хуагъэхьэзырыну икІи зыхуэфащэ актхэр хуабэкІэ кьызэзыгъэпэщ компанием хуагъэхьыну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм УкуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ, гъэузу хозяйствэмкІэ и министерствэм кьалэн щыщІын, муниципальнэ районхэм, кьалэ округхэм я щІыналъэ административнэ-территориальнэ хозяйствэм и Іуэхущіапіэхэм чэнджэщ етын:

республикэм и кьуажэхэм хуабэ-механическэ, электротехническэ Іэмэпсымэхэм ящыщу жьы хуэхэр, псы зрикІуэ бжьамийхэр щызэхъуэкІынымрэ ахэр кьэгъэщІэрэщІэжьынымкІэ зыхуэфащэ Іуэхуэхэр ялажьыну;

ялэжьынуэмкІэ планыр гъэзэщІэныр кьызэрагъэпэщыну икІи гъэплъын щыщІадзэ лъэхъэнэм зэрызыхуагъэхьэзырар кьызэрапщытэ хабзэм, Урысей Федерацэм ЭнергетикэмкІэ и министерствэм 2013 гъэм гъатхэпэм и 12-м кьыдигъэкІа приказ №103-мкІэ кьищтам, кьызэрызщигъэлъэгъуам хуэдэу, псэуныгъэм пыщІа Іэнатіэхэмрэ псэупІэ фондымрэ хьэзыр зэращІа актхэмрэ паспортхэмрэ 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м фІэмыкІыу ирагъэтхыну.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм УкуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ, гъэузу хозяйствэмкІэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЭнергетикэмкІэ, тарифхэмкІэ, псэупІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъыныmкІэ и кьэрал комитетым кьалэн ящыщІын:

2018-2019 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэр бжьамийкІэ кьашэ газымрэ газ хуэмкІэ, электрическэ, хуабэ энергиекІэ кьызэгъэпэщыныmкІэ зыхуей псори зэфІагъэкІыну;

2018-2019 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и организацэхэр зэрыхуагъэхьэзырым теухуа информацэр мазэ кьэс етхуанэ махуэм фІэмыкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм иратыну.

7. Муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щІыналъэ административнэ-территориальнэ етын езыхэм я унафэм щІэт бюджет Іуэхущіапіэхэм кьагъэсэбэпа коммунальнэ Іуэхутхьабзэхэм я уасэхэмкІэ зэтрихьа щІыхуэр пшыныжьныр щыІэ хабзэхэм тету кьызэрагъэпэщыну.

8. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм кьалэн ящыщІын, муниципальнэ районхэм, кьалэ округхэм я щІыналъэ административнэ-территориальнэ етын 2018-2019 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и организацэхэр зэрыхуагъэхьэзырым теухуа информацэр мазэ кьэс махуэ 25-нэм фІэмыкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм УкуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ, гъэузу хозяйствэмкІэ и министерствэм, Экологие, технологие, атом кІэлъыплъыныmкІэ федеральнэ кьулыкъущіапіэм и Кавказ управленэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, тарифхэмкІэ, псэупІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъыныmкІэ и кьэрал комитетым хуагъэхьыну.

9. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм хуэгъэуэвын 2018-2019 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и организацэхэр хуэгъэхьэзырыныmкІэ лэжьыгъэхэм ятеІуэдзэну ахьшэр 2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым а Іуэхум щыхухахам кьрийубыдэу хуиутІыпщыну.

10. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм хуэгъэуэвын 2018-2019 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и организацэхэр зэрыхуагъэхьэзырыр щІыхуб хьыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм кьыщыгъэлъэгъуэныр кьызэригъэпэщыну.

11. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Бэлэтокъуэ В.Хь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ
МУСУКОВ Алий

● Лъэпкъ Іуэхуэр

Мэздэгу адыгэхэм я махуэшхуэ

Ди газетым зэрытетащи, «Мэздэгу адыгэхэм я зэгухьэныгъэ» лъэпкъ-щэнхабзэ обществэр кьызэрагъэпэщыр илъэс 25-рэ ирикъуащ. Абы теухуа гуфІэгъуэ зэхьыхьэхуэ щыІащ Мэздэгу кьалэм дэт Щэнхабзэмкіэ Уардзунэм. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхьэрэ - Аланиемрэ зэгъусэу кьызэрагъэпэща пшыхьыр гуимыхуж хъуащ.

ПЭШЫМ щІэзу кьызэхуэсахэм яхэтт нэхъыжьи, нэхъыщІи, щІалэгъуали, уеблэмэ, нэгъуэщІ лъэпкъ кьыхэкІахэри яфІэгъэщІэгъуэну кьекІуэлІат. Пшыхьым и пэщІэдзэм экраным кьыщагъэлъэгъуащ Мэздэгу Адыгэ Хасэм кьыкІуа гъуэгуанэр лэжьыгъэ купщІафІэхэмкІэ гъэнщІауэ зэрыщытар, абы и кьалэн нэхъыщхьэхэмрэ нобэрей зэманым зэрехьэлІэмрэ.

Пшыхьыр езыгъэкІуэкІа, Къэбэрдей драмтеатрым и артистхэу КІэхамухэу ФатІимэрэ Джатэжьокъуэ Константинрэ кьызэхуэсахэм фІэхъус гуапэхэмкІэ зыхуагъэза нэужь, псалъэ ираташ Мэздэгу Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Дербит (Мудар) Валерэ**.

- Мэздэгу адыгэхэр дыззэыгъэуІу, дыззэышалІэ, ди Іуэху дэзыгъэкІ лъэпкъ зэгухьэныгъэр илъэс 25-рэ щрикъу махуэр икъукІэ махуэшхуэщ ди дежкІэ. Ар кьыдадаІыгъыну нэгъуэщІ республикэхэм кьикІа ди кьуэшхэм фІыщІэ ин яхуэощІ. Апхуэдэуи дахуэарэзыщ ди махуэр екІуу кьызэгъэпэщыныmкІэ щІэгъэкъуэн кьытхуэхуэца Осетие Ищхьэрэ - Аланием, Ставрополь крайм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэхэм я Іэтащхьэхэм. Нобэ псом япэу дигу кьэдгъэкІыжьын хуейщ мы Хасэр кьызэзыгъэпэща, ар лъэ быдэкІэ уеныным зи гуащІэ хэзыльхьа нэхъыжьыфІхэр. Абыхэм хаша лъагъэрщ дэ нобэ дызытетыр, ди лъэпкъ хабзэр, щэнхабзэр, бзэр хъумэныmкІэ сэбэпышхуэ кьытхуэхъур, - жиІащ Валерэ.

Дербитым щІыхь тхыльхэр яритащ Мэздэгу Хасэм и лэжьыгъэм жыджэру хэтхэм.

Осетие Ищхьэрэ - Аланием лъэпкъ зэхуущыкІэхэмкІэ и министр **Цуциев Аслъэн** жиІащ ди республикэхэм ис лъэпкъхэр тхыдэм и напэкІуэцІэхэм илъэс куэд щІауэ зэрызэпэщІэр.

- Къуэпс мин бжьыгъэкІэ дызэпыщІащ осетинхэмрэ ди кьуэш адыгэхэмрэ. ТхыдэкІэ, щэнхабзэкІэ, хабзэкІэ, цІыхуГъэкІэ дызэрызэгъунэгъум, си щхьэкІэ, сроГушхуэ. Илъэс 25-р цІыхум дежкІэ зы гъащІэ Іыхьэ мэхъу, жылагъуэ зэгухьэныгъэр кьапщтэмэ, абы нэсыху мыІэжьэф куэд щыІэщ. Мэздэгу Адыгэхэм я Хасэм лэжьыгъэшхуэ ирегъэкІуэкІ, республикэм кьыщІэтэ сыт хуэдэ Іуэхуэм жыджэру хэтщ, нэхъыщхьэращи, и лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэхэр зэрихьумэным иужь иту къогъуэгурыкІуэ, - кьыхиГъэщащ Цуциевым. Осетие Ищхьэрэ - Аланием лъэпкъ зэхуущыкІэхэмкІэ и министерствэм кьыбгъэдэкІ ЩІыхь тхыльхэр цІыху зыбжанэм яхуигъэфащащ министрым.

Осетинхэм яхэс ди лъэпкъэгъуэхэм КъБР-м и Правительствэм кьыбгъэдэкІыу фІэхъус ярихащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ **Къардэн Мурат**. «Тхыдэм урилъэжмэ, хьболъагъуэ ди адэжьхэр гъащІэм хуэІуащ, я лъэпкъ фІыгъуэхэр яхъумэжу сыт щыгъуи кьызэрыгъуэгурыкІуар. Дэ ди кьалэн нэхъыщхьэу кьэсльытэр а адэжь щІэнкэр хъумэныгъэ, зэныбжьэгъуГъэр сыт щыгъуи ди Іэпэгъуныгъэ. ФІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейщ мыпхуэдэ Іуэху дахэхэр къезыхьэжьэ ди кьуэшхэм кьадэІэпыкъу унафэщІхэм. Мэздэгу Адыгэ Хасэм лъэпкъ щэнхабзэмрэ адыгагъэмрэ ихъумэжым и мызакъуэу, лъэпкъ зэныбжьэгъуГъэр зэригъэбыдэм, зэхущытыкІэфІхэр зэрызэтриублэм дыщыгъуазэщ. Сигуми си псэми кьабгъэдэкІыу Хасэм хэтхэм сеХуэхъуэну сыхуейщ блэкІа илъэсхэм зэхуахьэса кьарумрэ зэфІэкІымрэ хэхъуэ зэпыту иджыри гъэзэгуанэ кІыих якІуну», - жиІащ Къардэным.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** псалъэ щратым, жиІащ Мэздэгу Адыгэ Хасэм илъэс кьэс и лэжьыгъэр иригъэфІакІуэу кьызэрыгъэгурыкІуэр.

- «Мэздэгу адыгэхэм я зэгухьэныгъэ» лъэпкъ-щэнхабзэ обществэр зэхэзыльшахэм куэд яхуэфІакІащ. ФІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейщ абыхэм кьрахьэжьаХэр нобэ кьыдэкІуэтей щІэблэм я пащхьэ изыльхьэж ди кьуэшхэмэ. ЗэІуащІэм щІалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ куэду кьызэрекІуэлІам кьеГъэлъагъуэ ди лъэпкъ щІэнищ зэрымыкІуэдыжьынур, ар щІэлбэм зэІэпахьыу кьызэрекІуэкІынур. Мэздэгу адыгэхэмрэ ахэр зыхэс осетинхэмрэ зэныбжьэгъугъэ, зэкъуэшыныгъэ, гуапагъэ, гулыитэ я зэхуаку дэлъу илъэс куэд щІауэ кьызэрызэдекІуэкІым ущымигуфІыкІыныкІэ Іэмал иІэкъым. Зы унагъуэ хуэдэу ахэр щызэхэсщ Осетие Ищхьэрэ - Аланиеми Ставрополь крайми. Шэч хэмылъу, абы Урысей Федерацэм и Іуэхугъэр егъэбыдэ, - жиІащ Хьэутий, икІи Дунейпсо Адыгэ Хасэм кьыбгъэдэкІ ЩІыхь тхыльхэр яритащ лъэпкъ Іуэхуэр зыгъэкІуатэхэм, зэныбжьэгъугъэр зыгъэбыдэхэм. Апхуэдэу Мэздэгу Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Дербит Валерэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и дамыгъэ нэхъыщхьэмрэ ЩІыхь тхылькІэ хуэупсащ.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфІыщІэ Мухьэмэди** захуигъэзащ пшыхьым кьрихьэлІэхэм.

- Сэ сахуэарэзыщ мэздэгу адыгэхэм, я лъэпкъ щэнхабзэр зэрахьэжу, нэгъуэщІ лъэпкъхэм хуаІэ ныбжьэгъугъэр ирагъэфІакІуэу илъэс куэд щІауэ ди кьуэш осетинхэм зэрахэсым щхьэкІэ. УкъызыхэкІа лъэпкъым пщІэ щиІэнур, уэ езым нэгъуэщІхэм пщІэ яхуэпщІмэщ. Абыкіэ мэздэгу адыгэхэр кьыкІуэтыркьым, - жиІащ Мухьэмэд, - Ауэ срипІейтейуэ зы Іуэхугъуэ, лъэІу кьызэгъэщыну сыхуей ныщхьэбэ. Ар Мэздэгу кьалэмрэ Мэздэгу районымрэ ди кьуэшхэм адыгэбзэр щрагъэджу зэтеубгъэныщІ. Къэбэрдей, Дунейпсо Адыгэ Хасэхэм, ди республикэм кьабгъэдэкІыу Осетие Ищхьэрэ - Аланием и Іэтащхьэ Битаров Вячеслав, Правительствэм и УнафэщІ Тускаев Таймураз, министрхэм захуэогъаэз зы егъэджакІуэ нэхъ мыхъуми кьыщІэкІ, Мэздэгу адыгэбзэр щрагъэджыну. Къэбэрдей-Балъкъэрым ис ди кьуэш осетинхэр мин 15-м ноблагъэ. Осетин фІэкІа дэмысу кьуажэ диІэщ - Уэзрэдж. Мис абы япэ классым щегъэжьауэ 11-нэ класс хьуху осетиныбзэр щрагъэдж. Ар щапхъэщ.

ЗэІуащІэм кьыщыпсэльащ Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ щэнхабзэ автономием и унафэщІ **Уэхъутэ Александр**, Шэрджэс Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Аслъэн Алий** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Мэздэгу районым и администрацэм и унафэщІ **Гугиев Геннадий** кьыхуигъащащ адыгэхэр гъунэгъу нэхъ гуапІэ дыдэхэм, хьэпІэхэм зэрыхабжэр, лэжьыгъэм хуэмыщІэхьыу, я унэм кьыхэзыхьа щІэ хуащІу, я щхьэр яхъумэжыфу зэрыпсэур, ахэр кьаэзрыхэсыр осетинхэм зэрагуапэр.

Ставрополь крайм и Курской район администрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ **Сидоренкэ Оксанэ** жиІащ мыпхуэдэ: махуэшхуэхэм лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэр зэрызэхъуэгъэзэр, зэкъуэтыныгъэр мамырыгъэм и джэлэсу зэрыщытыр.

Ныбжьыр ягъэдахащ «Кабардинка» кьэрал академическэ ансамблым, «Бзэрабзэ» гупым, уэрэджыІакІуэхэу ЦокІыл Азэмэт, Хьэкъул Оксанэ (Къэбэрдей-Балъкъэр), «Вместе счастливы» уэрэджыІакІуэ гупым (Ставрополь край), Хьэбытіэ Вячеслав, Дауров Эдуард, Секинаевэ Альбинэ (Осетие Ищхьэрэ - Алание) сымэ, нэгъуэщІхэми.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Банк Іуэхуэр

Процентхэр егъэмащІэ

Мэкъуауэгъуэм и 9-м щыщІэдзауэ ХъумапІэ банкым егъэмащІэ щІэуэ яухуа унэхэр кьащхьэхун папщІэ ират ипотекэ кредитым щхьэщытыкІыр. Нэхъыбэ дыдэу абы илъэсым кІэрагъэхунущ процентым и пункт 0,9-рэ, ставкэ нэхъ мащІэ дыдэр процент 6,7-м нэсынущ.

АХЪШІЭ кьеІызыхыр зыхиубыдэ лІэужьыгъуэм елъытауэ ягъэмэщІэнур процентым и пункт 0,3 - 0, 5-м нэсащ. Абы кьыхэкІыу, ставкэм и лъабжьэр процент 7,1-9,5-м нэс ехынущ.

Промо-акцэм Іэмал кьует ставкэ лъабжьэм процентым и пункт 0,4-кІэ урихьыхьэу сом мелуани 3,8-рэ кьуатын хуэдэу дисконт гуэдзэн зыІэрыбгъэхьэну. Абы и фІыгъэкІэ ставкэхэр нэсынущ процентти 6,7 - 9, 1-м, гъащІэр страхованэ ящІрэ хэхъуэр кьызыхэкІыр игъэнаІуэмэ. Акцэр екІуэкІынущ щыщхьэуІум (августым) и 31-м пщІондэ.

«ХъумапІэ банкым игъэмэщІащ щІэуэ яухуа унэхэр кьащхьэн папщІэ ит кредитым щхьэщытыкІыр, нэхъыбэм псэупІэхэр ухуэныгъэщІэхэм щызэІэрагъэхьэфын папщІэ. Нэхъыбэ дыдэу зыхухагъэщІынур - процентым и пункт 0,9-рэ - ХъумапІэ банкымкІэ зи улахуэхэр зэкІэ кьызыІэрымыхьэхэращ, - кьыхигъащащ ХъумапІэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафэщІ Урысбий Хьэмидбий. - ЦІыху куэдым яІэрыхьэу иджыри кьэс зэи щымыІа ставкэщ процент 6,7-р.

ХьЭТАУ Ислъам.

● Хъыбар гуапэ

Нэхъыфіхэм халъытэ

«Интерфакс» дунейпсо хъыбарегъащІэ гупым, хабзэ хъуауэ, илъэс кьэс зэпелъыт ди къэралым щылажьэ университетхэм я лэжьэкІэр. Иджыблагъэ наІуэ кьэхъуащ мыгъэрей апхуэдэ IX лъэпкъпсо рейтингым кьрикІуахэр.

ДИ ГУАПЭ зэрыхъущи, Бэрбэч Хьэтутіэ и цІэр зезыхьэ КъБКъУ-р хэхуащ УФ-м щылажьэ университетым я пашэхэр. КъБКъУ-м и ректор, техникэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Альтуд Юрий зэхуэсым и президиумым хагъэтІысхьащ, пщІэ кьыхуащІри. Мыгъэрей рейтингым хэтащ Урысейм и университет 288-рэ. Абыхэм щызэфІаха лэжьыгъэхэр кьапщытэ балл 1000 кьызэщІэзыубыдэ унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ. Апхуэдэхэщ, кьапщтэмэ, егъэджэныгъэр, кьэхутэныгъэхэр, социальнэ Іэнатіэр, дунейпсо зэдалэжьэныгъэр, инновацэхэр зэрыщыІэ. «Къэхутэныгъэ», «Инновацэ», «Социализацэ», «Интернационализацэ» унэтІыныгъэхэмкІэ КъБКъУ-м кьигъэльэгъуа лэжьыгъэхэм балл ирагъэхэр хуагъэуващ. Яныбжьыкъуэ унэтІыныгъэхэмкІэ ар хэхуащ «УФ-м и университет нэхъыфІ 50» топым. Ар ехьэлІэныгъэшхуэщ.

КъБКъУ-м и унафэщІхэм зэрыжаІаІакІэ, еджапІэ нэхъыщхьэр хущІэкъэнущ лъэпкъпсо рейтингым щиубыд увыпІэр адэкІи егъэфІэкІуэным.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Узыншагъэ

Я щІэныгъэм хагъэхъуэну Іэмал къарет

Иджыблагъэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІащ къэралым и кардиолог нэхъыфІхэм ящыщ, Медицинэ щІэныгъэхэмкІэ Урысей академием и академик Акчурин Ренат.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий хуэза нэужь, ар щыІащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым икІи еджапІэм и унафэщІэмрэ медицинэ кьудамэм и студентхэмрэ яхуэзащ. ЩІэныгъэлІыр кьызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ и гъащІэ гъуэгуанэр кьызэрекІуэкІам, кардиохирургие унэтІныныгъэмкІэ медицинэм щекІуэкІ зыужьыныгъэхэм, республикэм узыншагъэр хъумэныmкІэ и Іэнатіэм кьыщыхъу зэхъуэкІыныгъэхэм.

Акчурин Ренат жиІащ УФ-м Узыншагъэр хъумэныmкІэ и министерствэм Кардиологиемкіэ и лъэпкъ медицинэ-кьэхутакІуэ центрым ди республикэм иджыпей диализ центр зэрыщыхуэунэр, дунейпсо мардэм тету терапие, нефрологие кьудамэхэр абы зэрыщыІэжьэнур, апхуэдэу щІынальэм и ІэщІагъэлІхэмрэ КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и студентхэмрэ я Іэзагъэм щыхагъэзыгъэ центри зэрыхэтнур.

Кардиологиемкіэ лъэпкъ медицинэ-кьэхутакІуэ центрым и унафэщІым и кьуэдзэ Акчуриным и нэІэм щІэту яГъэзащІэ проектым Къэбэрдей-Балъкъэрым и нефрологие Іэнатіэм зэрыгъэжьынущ. Зи жьэжьейр уз сымаджэхэр куэд мэхъу икІи абыхэм зыхуэныкъуэ медицинэ Іуэхутхьабзэхэр нэгъэсауэ кьахуэгъэзэпэщынымкъарэлыр тэмэмуп эщыщкъым. Ар кьалъытэри, «Б.Браун Авитум» нэмыцэ фирмэр я дэІэпыкъуэгъуу Налшык къалэ диализ центр щахуэнру мурад ящІащ. Абы махуэм щІыхуи 180-м щеІэзэнущ. Ар кьызэІуахыну я мурадщ фокІадэм и 1-м.

Акчурин Ренат студентхэм я упщІэхэм жэуап ираташ икІи зыхуагъэувыжьа мурадхэм ерыщу хэхІуэну кьхуриджажьащ.

КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий щІэныгъэлІым фІыщІэ хуищІащ яхуэну центрым я студентхэм я щІэныгъэм щыхагъэхъуэну Іэмал кьаэзэрыритым папщІэ

ЩІХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Шэрджэс мамлюкхэм ирагъэщІа быдапІэм тетщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лІыкІуэхэмрэ Хьэлэб къалэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэмрэ. *Сирие. 2001 гъэ, мэлыжьыхьым и 18.*

● Зэпеуэ

Адэжь щІынальэм теухуа усэхэм къоджэ

Урысейм и махуэшхуэм ирихьэлІэу КъБР-м и Щэнхабзэ фондым щекІуэкІащ «Любите Россию! И будьте навеки России верны!» зэпеуэ, усэ кьеджэным траухуауэ. Налшык и Щыхубзэхэм я тетымрэ Щэнхабзэмкіэ фондымрэ кьызэрагъэпэща зэхьэзэхуэм хэтащ Налшык къалэ округым хиубыдэ яуажэхэмрэ жылагъуэхэмрэ (Кэнжэ, Вольнэ Аул, Іэдииху, Хьэсэнай) я сабий садхэм я гъэсэнхэмрэ школакІуэхэмрэ, КъБКъУ-м и медицинэ факультетым, филологие институтым, илъэс 85-рэ зэрырикъуар зыгъэлъэпІа медицинэ колледжым я студентхэр.

ЗЭІУЩІЭ гуапэм кьрагъэблэгъат сабий садхэм я гъэсэн щыкІухэм я адэ-анэхэр, Налшык къалэ и ЦІыхубзхэм я советымрэ Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэмрэ хэтхэр.

ЦІыхубзхэм я советым и унафэщІ **Дыджэш Лидэ** зэІуащІэр кьызэІуихри, зэпеуэр кьызыпэплъэхэм яжриІащ Хэкур фІыуэ лъагъун, абы и зыужьныгъэм дэтхэнэми и гуащІэ хилъхьэн зэрыхуейр.

Зэпеуэм хэтхэр гупитІу ягъэшат - сабий садхэм я гъэсэнхэмрэ школакІуэ ныбжьыщІэхэмрэ (1 - 4-нэ класс), нэхъыжь классхэм щеджэхэмрэ студентхэмрэ. Ябпэ гупым и зэфІэкІыр кьапщытащ усакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЦІыхубзхэм я советым хэт Моттаевэ Светланэ, КъБКъАУ-м и кафедрэм и унафэщІ, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, советым и президиумым хэт **Джабоевэ Іэминэ**, ЦІыхубзхэм я советым хэт **Униковская Раисэ** сымэ.

Класс нэхъыжь школакІуэхэмрэ студентхэмрэ папщІэ кьызэрагъэпэщащ жюрим хэтащ усакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Тхьэзэплъ Хьэсэн**, «Горянка», «Кабардино-Балкарская правда» газетхэм я кьудамэхэм я редакторхэу **Байсиевэ Марзиятрэ** КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Богачевэ Иринэрэ**.

Студентхэмрэ школакІуэхэмрэ усакІуэ цІэрыІуэхэм, абыхэм ди республикэм щыщхэри хьхьэу, я усэхэм гъэхуауэ кьеджащ.

Зи школ кІуэгъуэ мыхъуа цІыкІуэхэми, школакІуэ ныбжьыщІэхэми я усэ кьеджэкІэм дихьэхауэ едэІуащ кьызэхэсахэр. Жюрим дежкІэ тынштэкъым фІым я фІыжьыр кьыхахыныр.

Зэпеуэм хэтэ дэтхэнэми дипломхэр, япэ увыпІищыр зыхуагъэфэщащэм кубокхэмрэ саугъэтхэмрэ ираташ. Зэпеуэм кІэлъыплъахэм нэхъ гунэс ящыхъуахэми саугъэт щухьэхуэ ираташ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сурэтыр **Холлаевэ Марзият** *трихащ.*

Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ

Хьэтэр

Тхьидэ роман



Хьэтуссэ и щIыунэхэр.

Хьэтусилэ. *Мывэм тещIыхьа сурэт.*

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№68, 69, 72, 73, 74-хэм итщ)

* * *

ХЬэтУСилЭ ехащ щIыунэм. Щхьэхуэ-щхьэхуэу зэпрыхуЛыкIа пэш лъахъшэ цIыкIуэр зэрыщIыIэм къищынэмыщIа, апхуэдизкIе кIыфIт, псыла-гъэмрэ жыгIыцIымрэ я мэр щIэзти, мыбы илъэс бжьыгъэкIэ цIыху зэрыщыпсэуфыр умыгъэщIэгъэн плъэкIыртэкъым. ЩIыунэм и хъумакIуэхэм ящыщ зым япэ зригъэщарэ мафIэ пыгъэнар Iэтауэ иыIгъуу кIуэцIрыкIырт. Гъущыбжъ хьэлъэ гъэрым деж къыщыуныIэщ, IункIыбзэ къэбыр къыфIихри, бжэр IуигъэуэзэщыкIащ абы. Хьэтусилэ хъумакIуэм Iэщlэлъ мафIэр кьыIэщIихри, бжэ Iухам щIыхьащ.

- Мыбы укъыззрехар къащIэмэ, тIуми гъащIэ диIэкъым, Хьэтусилэ, - Вындэшынэ, Iущцыбжэр хуIуныу щIэпхъуэжьфын нэхъей, лъэхъукIэ епхат.

- КIэщI зегъэщI-тIэ.

- Иджыпсту бжеIэнур дунейм кьытумыгъэхьэ. НэгъуэщI мыхъуми, уи щIыналъэм уекIуэлIэжьыхь...

- ЖыIэ, зо! Сэ и унафэ щIыгъжынщ абы, - зегъэткIий Хьэтусилэ, Вындэшынэ дзыхьышхуэ тримыщIэу.

- Псом япрауэ, Мывэтlалэ и ажалкIэ лIакъым. Ди пщышхуэм щхьхъ ирахьлIащ зэман кIыхькIэ. ЗэшзэлIэу къытехуэу мылIэну, игъэсымэджэн хуэдэу, - и макъым зримыгъэIэтыщIэу, зыгуэрым зэхихынкIэ шынэу мэпсалъэ Вындэшынэ.

- Сыт мы жыпIэр?! Хэт зыгъэлIар? - къэуIэбжьащ и нэщхъыр зэхэлъу абы щхьэщыт Хьэтусилэ.

- УмышIэ хуэдэ...

- Хэт зыгъэлIар? - щIокIие.

- Щэхуу! Тхьэхэр узогъэлъэIу, щэхуу! Зэанэзэкъуэращ зыгъэлIар, Шэтэндуэрэ Тlэшубрэ.

Хьэтусилэ зэхихыр и фIэщ хуэщIырэкъым. Дауэ ар?! Уи щхьэгъуэсэм... Уи къуэм... Сыт щхьэкIэ?

- Тхьэдыгъэр согъэпцI, жыпIэр пцIыуэ къыщIэкIмэ, си Iэкlэ уи гур хъизмытхъым! Уэ бгъэкъуаншэр хэтми къыбгурыIуэжрэ? - бгъэдэкIуэтащ абы Хьэтусилэ.

- Ухуеймэ, иджыпступцIэ сыуК! Дыгъэ нэхур зэи симыгъэлъагъужкIэ, пцIы сыупсмэ, пщыкъуэ.

- Сыт щхьэкIэ?

- Пщыгъуэм щхьэкIэ...

- Сэ къыжеIламэ хъунутэкъэ? Сыт хуэдиз сэ Мывэтlалэ къыскуушцIар! Уэ пщIэн къуэшыр зищIысыр, уэ хъащхьэвылъэм?! СыткIэ пщIэн, лIыгъи, щIыхьи, гущIэгъуи пхэлъкъым уэ. Мис апхуэдэущ уэ къэралым къулыкъу зэрыхуэпщIэри. Аращ уэ иджыри къэс узыхъума уи пщым пщIэрэ нэмысу хуэпщIыжари. Зыри жызмыIэу уезгъэукIын хуеящ, хьэбз щыгIъу. СыкъэмыкIуащэрэт, дэгу сэгъро сихъуу зэхэзмыхащэрэт а псорИ! - гызырт Хьэтусилэ.

- СыкъикIуэтыжыну сыхэтащ, Хьэтусилэ. Пэжщ, тхьэкъи си щхьхэтщ...

- Иджы сыхуеиж сэ а къэбвым? ПщIэнр пщIащ уэ, - ладжкъуэкIэ кIуэцIыпкIащ ар амырейм.

- ЖызгъэIэ, - узым зэкIэщIишаIлы фIыцIэр псчэуIуэрэ къэлъэIуащ.

- Зэщlэкъуэ уи жьэр, адэкIэ къыфIыIумыбгъэкI зы псалъэ! Яжьэ фIэкIаямыгъэтыжу, уущIэгъэсхьэнщ мыбы! - пэж дыдэу ищIынут.

- Уэри уаукIыну хэтщ ахэр! - щигъэлъэгъуэну тхыгъэхэри игъэхьэзырауэ зэуэзэпсэу къытехуэри лIащ. Гурыщхъуэджэу къыпщыхъуркъэ ар, Хьэтусилэ? - къыIурыщэщырт Вындэшынэ.

- Сэ ар япэу зэхэсхыу аращ. Зэи зыкъызигъэщIакъым, - и щхьэр ещI игъэщIагъэу.

- Уи закъуэкъым. Зыми ищIакъым ар...

- Щэтэндурэ Тlэшубрэ-щэ?

- Гу зэрыпльыптащи, Щэтэнду нэщIэпкIэу зэи щытакъым, иджыщ зыкъыщыщэхъуихар. Ар апхуэдэу псэлъэфыну, бзаджагъэ гуэр къыIыкъуэкIыну зыми игугъакъым. Уеблэмэ, Мывэтlалэ и гущхьэ къэкIыххэртэкъым и жэщгъуэлъ теплъафIэр благъуэу къыхущIидзыжыну. Аращ ди пщышхуэр зыгъэIлар, зиусхьэн! Пщым хуэIэбэу щытащ абы къигъэдэIуа унэIут зыбжанэ. Мис абыхэм щхьхъыр тIэкIу тIэкIуурэ псыкIэ, е щхынкIэ Iуагъахъуэрэ игъэлIащ. Мывэтlалэ щыIлэну жэщым Щэтэнду хуэзащ. Щэтэнду абы и деж къыщIэкIыжри, уныIутхэм хуэд дэмыкIыу зиусхьэныр къагъуэтыжащ, дижауэ шордакъым телъу.

- Уэ а псори дэнэ щыпщIэр? - щIыIэ-щIыIэу зыгуэр игу кIэкIауэ и щхьэр бгъынж ищIри, еплъащ абы Хьэтусилэ.

- Сэри си къуанщагъэ хэлъщ абы, зиусхьэн, - и щхьэр ирехьэх, «сыт кьыззэпщIэми - схуэфащщ» жыхуиIэу. - Зэрыпщlэщи, Щэтэнду амырейхэм къажэкIащ, дыдэзлъэпкъэгъущ. Тlэшуб и тетыгъуэр хъэсмэ, сэ щIигъэкъуэн сыхуэхьуну, и чэнджэщгъу нэхъыщхьэ сищIыну, ипщэкIэ щыIэ щIынальэхэр зэрыщыту къызитыну дызэгурыIуат. ДызэрыIыгъат. Чэнджэщкlэ, Iуэху гуэрхэмкIэ садэIэпыкъуат, аущ...

- Си къуэшыр зыукIахэм уэри уахэтауэ ара, хьэIуцыдз?! - Хьэтусилэ апхуэдизкIэ къызэщIэнати, зыхуэмыIыгъыжу зиушэцIри, Вындэшынэ и нэпкъым иуащ, лъэныкъуэкIэ иридзэкIыу. - Уи псэфыпIэр хэстхъэнщ иджыпсту, зинэ!

- Зиусхьэн, зэ къыззадIуэ. ЖысIэр нэзгъэгъэс! - мэлъаIуэ лIыр, лъыпсыр къыжьэдэхуу. - Пэжщ, сыкъуанэшэщ. Сщlэрт ди пщым лей къызэрытехьэр, ауэ зыми зыри жеслэфакъым, сапрыуэфакъым. Уэ пцIыхуркъым а зэанэзэкъуэр иджыри, ахэр цIыхуу шынагъуэщ. Ар иужькIэщ къыщцэгурыIуар.

- Сэ къызжеIламэ хъунутэкъэ? Сыт хуэдиз сэ Мывэтlалэ къыскуушцIар! Уэ пщIэн къуэшыр зищIысыр, уэ хъащхьэвылъэм?! СыткIэ пщIэн, лIыгъи, щIыхьи, гущIэгъуи пхэлъкъым уэ. Мис апхуэдэущ уэ къэралым къулыкъу зэрыхуэпщIэри. Аращ уэ иджыри къэс узыхъума уи пщым пщIэрэ нэмысу хуэпщIыжари. Зыри жызмыIэу уезгъэукIын хуеящ, хьэбз щыгIъу. СыкъэмыкIуащэрэт, дэгу сэгъро сихъуу зэхэзмыхащэрэт а псорИ! - гызырт Хьэтусилэ.

- СыкъикIуэтыжыну сыхэтащ, Хьэтусилэ. Пэжщ, тхьэкъи си щхьхэтщ...

- Иджы сыхуеиж сэ а къэбвым? ПщIэнр пщIащ уэ, - ладжкъуэкIэ кIуэцIыпкIащ ар амырейм.

- ЖызгъэIэ, - узым зэкIэщIишаIлы фIыцIэр псчэуIуэрэ къэлъэIуащ.

- Зэщlэкъуэ уи жьэр, адэкIэ къыфIыIумыбгъэкI зы псалъэ! Яжьэ фIэкIа ямыгъэтыжу, уущIэгъэсхьэнщ мыбы! - пэж дыдэу ищIынут.

- Уэри уаукIыну хэтщ ахэр! - къыхэкIиикIащ итIанэ Вындэшынэ.

Хьэтусилэ зэхихам къигъэуIэбжьри, и пIэм ижьыхьащ.

- Пэжщ. Сэ сыфIэкIуэдэкъым, зыри хьэдрыхэ здэсхьыжьфынукъым. Си унагъуэр ягъэкIуэдащ. Псэуми лIами хэсщIыкIрхъым. Си щхьэгъуэсэмрэ си бынитIымрэ я хьыбар Iеджэ щIаеу сщIэрхьым. Аращи, жысIэм зыпцI хэлъхъым, Хьэтусилэ. Тlэшуб и адэм и тхыгъэхэм хэлъу къигъуэтащ и пщыгъуэр уэ къыззрыпкъуигъанэм щхьхэт техъуэ тхьылъымпIэ. Ар Щэтэнду щиграгъэльагъум, зэанэзэкъуэм гурыщхъуэ ящIащ. ЗыкъэлIэтрэ, Тlэшуб пщыгъуэр къытепхыжмкI - а унафэр къапщIэ хъумэ жаIэри... Къалащхьэм сыкъраджэри, ар си пщэ къыдалъхьащ, сэрат дзыхь зыхуащIу яIэри. Аргуэрыр яхуэзмыдзу згъэзэжащ. КъызгурыIуат, сэ сахэмытуи, езы тIум лIыукI нызэрыпхуэаутIыпщынури, дзыхь хуэсщIу, шууей нэхъ псынщIэ дыдэу сиIэр хъыбарегъащIэ ныпхуэзгъэкIуат. Сэ Амырейм сыщынэсыжам Рамзес къызэрежьар къэсщIауэ аращ.

- Зыри нэкIуакъым си деж уэ къыббгъэщкIыу.

- Нэплъыс-нэIуещ Щэтэнду, зыри Iэщlэкъынукъым абы. ИрегъэукIа хъунщ нэзгъэIыпща шууейр. Апхуэдэу тIэунейрэ пщым игу къызэбгащ: уи лъэныкъуэ сихъуу сазэрепцIыжар зы, сытеплъэкъуэкIыу мысырыдзэр къызэрыттеуар - тIу.

Хьэтусилэ зэхих псори и щхьэм хуимыбгъэзагъэу, и лъэм имыIыгъыжу, зригъэщэтэхри, блын щIыIэм зэкIэригъэщIащ.

- Сыт ар зыхуейр, зиусхьэн? - и нэщхъыр зэхэлъу, хэгупсысхьу щIыунэм къикIыжа Хьэтусилэ къежьэу щIыбым дэт щIалэр къыпежьащ.

- Къыщыщlэздзэнур къысхуэщIэркъым, Алдамэ... Къысхудэшейркъым, - и щхьэр игъэкIэрэхъуащ Хьэтусилэ.

- Сыт къыбжимыIами, уи гур хигъэщIащ абы, - вакъуэ адэ хуэхъуар фIыуэ ицIыхурт щIалэм.

- ИужькIэ. ИужькIэ бжесIэжьнщ. НакIуэ, хасэм пащэнущ.

ТIэшуб и тажнанэр щIыгуу, пэшым къыщIыкъащ. Теужа хуэдэт ар. Вындэшынэ иращIынур, унафэу хуащIар къащIэну епIэщIэкIырт псори.

- Тажнанэм сэрэ дегупсысыжри, Вындэшынэ къэралгъэм хуилэжьам, дзэм щызэрихьа къулыкъум, ипщэ щIынальэм илъэс куэдкIэ зэритетам и хьэтыркIэ, гущIэгъу хуэтщIмэ нэхъ тэмэму къэтIытащ, - жиIащ пщым и напIэр хуиу, къыззхуэсахэр зэпиплъыхьу. - Ауэ, Амырейм я пщым къуанщагъэ зэрилэжьамрэ щыуагъэ къызэрыIэщIэщIамрэ щэч кьытетхъэрэкъыми, Хьэт къэралыгъуэм и ищхъэрэ-къуэкIпIэ пслъныкъэмкIэ гъэIэпэхъуэн хуейуэ тедухуащ. Вындэшынэ и мылъкур къэралым къыхуонэ, ипщэ гъунапкъэмрэ къалащхьэмрэ пэжьижьэу, псэуху тенджжь лъэныкъуэмкIэ щыIэнущ. Абыкlэ фыарэзыуэ къызолъытэ пщы-зэхуэсым къурихьалIахэр, - пгъэщхъащ Тlэшуб.

Арэзыуэ къыщIэкIынут, зыми зыри щыжамыIэкIэ.

- Арамэ, зыззэгъэIэжьэркъым, гъуэгу махуэ! - зеврЪэхъ жыхуиIэу, яхэпIащ абыхэм пащтыхьыр.

Хьэт хъэралыгъуэм и лъэпкъыIГ уардрэкъм пщыр зи яхуэмыныкъуэжьын нэхъей, зримыпэс-зримыпэсу зищIырт щIалэ щIыкIейм. Тажнанэм и къуэм и зыщIыкIэр хуигъэдахэртэкъым. Тlэшуб и псалъэ мышыухэр трилъэщIну Щэтэнду яужь щIихьэм, псори къызыгурыIуа дзэзеишэхэр къызэрыщIэжьжащ пэшым. Абыхэми яфIэфIыщэкъым пащтыхьым зэрызищIымрэ къарипэсымрэ.

Хьэтусилэ ищIэрт Вындэшынэ здрашэжьам нэмыс щIыкIэ яукIынкIэ зэрыхъунур. Амырейр ауэ сытми иджы яутIыпщынутэкъым зэанэзэкъуэм. Шынагъуэт псэууэ къэбгъэнэну, абы къуэлъыр кьуэлъу. Арати, Хьэтусилэ и зауэлI нэхъыфIи дыдэхэм ящыщ зыбжанэ якIэлъиГъэпхъэращ, Вындэшынэ псэууэ къухьэпIэ гъунапкъэм намыгъэс щIыкIэ, гъуэгум щаукIынку яужь ихьэмэ, яхъумэну е кьрагъэлIну. Мывэтlалэ зэрауклар имыгъэгъуну игу ирилъхьати, Вындэшынэ ар иджы хуабжьу хуэныкъуэт. Псори дяпэкIэт.

Алэдамэ

Алэдамэ, Хьэтусилэ зэгуэр кьыдэIэпыкъуауэ щыта щхьэхуимыт цIыкIум, щIалэ ахъыр-зэман къыхэкIат. Езы Хьэтусилэ зэрыцIэрыIуэ и ззфIэкIэхэр зэрыщиту бгъэдилъхьат лIыгъэ къызыкъуэкIа а щIалэ цIыкIум. Езым и къуэ закъуэ Тутхъэлий хуэдэу иплат, фIыуэ илъагурт. Тутхъэлий къуэш иIэтэкъым, шыпхъуищ мыхъуми, я унагъуэм Алэдамэ зэрихьэу, нэхъ нэжэгужэ къэхъуат. ЩIалитIыр тепльэкIэ апхуэдизкIэ зэфэгъуэти, зы адэ-анэ къамылъхъуэуз пхужыIэнутэкъым. ТIури щIалэ лъагэт, Iэмльэчт, къарууфIэт, тепльафIэт, цIыху щэныфIэ нэжэгужэт. ЩIалэгъуэмрэ лъы пщтырымрэ зэрихьэу, я гур я бгъэм имыхуэжу, цIыху зэриГъэсар къапщIэу зэпIэзэрытт ахэр.

Алэдамэ Хьэтусилэ зэриваркъуэм къищынэмыщIа, сытым дежи щIыгъу и хъумакIуэт. А зырат абы дзыхь нэхъ зыхуищIыр, и гум къыдыхьэри, и гум къэкIар и бзэм къыжьэдэмыкI щIыкIэ къэзыщIэри. Хьэтусилэ ищIэрт сыт хуэдэ Iуэху имыщIами, сытым темыгушхуами, Алэдамэ къызэрыдэIэпыкъунур, Iэ ижь закъуэ мыхъуу, ИтIи, лъакъуитIи, нэи, тхьэкIуми къызэрыхуэхъунур.

Тутхъэлийрэ Алэдамэрэ фызкъэмышэт, унагъуэ зэрыхъун хуейм емыгупсысыхэ нэхъей, щхьэхуит. Пэжу, иужьрей зэманым Алэдамэ нэгъуэщI зыгуэр хъуат, зы гурыщIэ Iэфl гуэрым кьигъэхуабэу и нэгур кьигъэнэху хуэдэу, тегупсысыкIырейт. Гупсысэ куухэм хъгъуэщIхьарэ и напIэр кьыхуэмыIэту, асыхьэтуи нэщхъей къэхъужу.

Къалащхьэр зыбгына дзэм япэ ищауэ кIуэжырт Хьэтусилэрэ Алэдамэрэ.

- Аргуэру унэщхъейщ, щIалэ. Зыгуэр уигу кьоуэ...

ЩIалэм зыри зэхимых хуэдэт.

- Алэдамэ! Сыззэхэпхыркъэ? - нэхъ ину жиIащ Хьэтусилэ.

- НтIэ, зиусхьэн. Сыкъуэгъэгъу, мащIэу сытегупсысыкIащ, - мэукIытэж Алэдамэ.

- Иужьрей зэманым зыгуэр ухъуащ жызоIэ. КъоуэIарэ?

- Хьэуэ, зиусхьэн. Сыуэзнышэщ.

- КъызгурыIуэрЪ си гугъэщ... Дыззрынэсыжу къыввзгъэшэнущ тIуми! - пыгуфIыкIащ Хьэтусилэ.

- Сыт? Хьэуэ, зиусхьэн! СынолъэIу... - щIалэ бланэр, и щхьэр здихьынур имыщIэу, укIытащ.

- Апхуэдизу умыукIытэ. Емыкlу хэлъкъым абы. ЦIыхухъур хуэныкъуэщ псэгъу. ГъащIэр апхуэдизкIэ хьэлъащ, гущIэгъунэшэщи, уи псэм и хуабагъэр мыужьыхьын папщIэ, уи дуней-ныр зыгъэдэхэн, зыгъэIэфIын, къыбдзэзыIыгъын уиуейщ. Апхуэдэущ гъащIэр зэрыгъэхэлъыр.

- Сэ унагъуэм сыхуэхьэзыр си гугъэжьем, зиусхьэн. ИужькIэ. Ауэ иджыпстукъым. Сэ сызыщIэхъуэпсыр къэралым къулыкъу хуэзощIэнырщ, уэ сэбэн сыпхуэхъунырщ, - щхьэщи ищIащ щэныфIэу.

- Ар псори гурыIуэгъэщ. Ауэ, зэманыгр макIуэ. Гу лъымытэхэу, зэрыхъуари умыщIэу, уи закъуэ уэхъэнэщ. Сэ сыхуейкъым уи лъэужьышIэ ухъуну, Алэдамэ. Уэ пхуэдэлIхэм щIэблэщхъуэ къыззранэжкIын хуейщ. Уэ уощIэ зауэм кIуэ дэтхэнэ зыми къимыгъэззэжынкIэ зэрыхъунур, зыми ищIэркъым Тхьэхэм хухаха пIалъэр зыхуэдэгъэ.

Алэдамэ и гуапэ хъуат Хьэтусилэ къыззэрыщытхъур икIи укIытат. Ауэ абы и гум илъ дыдэр зиусхьэным къищIатэмэ, апхуэдизу фIыуэ къыхущIытну пIэрэт?! А упщIэр и щхьэм къиуфэразэри, Алэдамэ аргуэру нэхъей къэхъужащ. ЛIитIым кьрахьэжьа псалъэмакъыр памыщIэжэ нэхъыфIт, армыхъымэ Алэдамэ пщы хуэзубнутэкъым, абы и жэуапым кьрикIуэнрыщIагъэтэжьыкъым.

- Зиусхьэн, уэзригугъауэ, Вындэшынэ къалащхьэм къызэрыдашу яукIыну хэтащ, - бауэбапщэу къалъэщIохьэ а тIум зы щууей.

Хьэтусилэ шыр кьриIуэнтIэкIащ.

- Сыт къэхуар? Дэнэ щыIэ Вындэшынэ?

- КъаIэщIэтхащ, зиусхьэн. Псэущ.

- Игъусахэр-щэ?

- ЗэтедукIащ, зиусхьэн. Къамыгъуэтыжьын хуэдэуи, лъэныкъуэ едгъэзащ.

- Афэрым! Иужь зыкъыивгъани, фынэкIуэж, сыхуейкъым ар дызэригъусэр зауэлIхэм къащIэну.

- Фынежьэ иджы, зынэвыкъудий! Хьэкъмыс докIуэж.

Хьэтусилэ ипхъу нэхъыжьитIыр - Кьейшэхурэ Нэптерэрэ - зэтралъхуати, зи ишэгъуэ пащащэхт. НэхъыщIэ цIыкIур - Тэшмий - кIасэт, и ныбжьыр ипсыт пщыкIут! ирикъуами, яфIэсабийуэ ягъафIэрт псоми. Хъыджэбзхэр я анэм хуэдэу Iэпкъльэпкъ лантIэт, гъатхэм зэщIэгъэгъэ епэр гуакIуэу щIэщыгъэт, узрамигъэплъуи тхьэIухудт. Я щхьэц кIыхь Iувыр я дамэм тепхъауэ, я бостей кIыхьышхуэхэр хуэдэбзэ Iэпкъльэпкъ гуакIуэм хуэфIу, дыгъэпсыр я нэгу дахэхэм иджэгухьу пущащэхэр уэрэшру щызэхэткIэ, тхьэбыным хуэдэу уаIуплъэрт. ЗэщхьэгъэуситIым я зыр къамылыфэрэ адрейр нэхутхьэхумэ, я бынхэр дахэ мэхъу жаIэ. Пэжу къыщIэкIынут ар. Сыту жыпIэмэ, Хьэтусилэ къамылыфэмрэ Дэдей сырыхэмрэ я бынхэм, псалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэну, цIыху дахэ къэхэкIат.

Кьейшэху хъыджэбз пагэт, и нэ къащхъуитIыр, уэзщIаджьыкI нэхъей, къыптриубыдарэ и набдзэ псыгъуэр мащIэу иIэту къопльамэ, Iэнкън уищIырт, и Iуэпэлъ пIащIэми бзаджафэ къытригъэуэрт. Ауэ пщащэр нэхутхьэхут, напшэхут, сырыху гуакIуэти, асыхьэтуи нэгъуэщIынэкIэ уеплъырт, уукIытауэ уи напIэр ебдзыкынрэ зумыгъэнщIыу уи нэр щызу уеплъынрэ къыбгурымыIуэжу. Нэптерэ нэгъуэщIт. Ар и адэм нэхъ ещхьу: къамылыфэ мащIэу, нагъуэу, щхьэц фIыщIафэу, Iуэпэлъ пIырыпIу. Ар цIыху щабэт, гуапэт, и ныбжьым хуумыгъэфэщэну Iущт, зэпIэзэрытт, гъащIэ зыльъэгъуам, куэд зыгъэнэхуам хуэдэу щыспалъэ щыIэт, гущIэгъу, шыIэныгъэ хэлът. Нэптерэ къэзыухъуреихь дунейр, удэхэр, жыгхэр фIыуэ илъагъурт, нэхулъэр къыщызэкIэщIитхъкIэ, дыгъэ хэуэлам хуэусу, бзухэм кьраш уэрэдым щIэдэIукIыу, и бгъэм щызу хьэуа щIыIэтыIэмкIэ бауэу щхьэгъуфбжэм къыдэплъыну фIэфIт. Ар щIэхъуэпсырт нэхущ пшэплъэм зыздигъэбзэхьж щIыпIэ дахэм къыщыхутэну, къыщыхьурт зымыгъэжей, зымыгъэбауэ гурыIуэхэр пщэдджыжь яужьыкъым хуиIуатэмэ, и псэр нэхъ псэхуну, тепыIэну. Ауэ, Нэптерэ апхуэдизкIэ тешыныхьыжырт и бгъэм гурыщIэжэну, зимыщIэжу зыгуэр къиущащэ и гуэрэ, къэуIэбжьыжырт. А псоми, дауи, гу лъитэрт Дэдей, ауэ пщащэхэм я ишэгъуэр къызэрысам тригъыхьыртри, ирихухьыртэкъым нэщхъеирилэ хъуа пащащэр.

Адрей щIынальэхэм, тенджыз Iуфэм Iуэ пхъкъэм зыпхагъэIукIырт Хьэтусилэ благъэ ящIыну зэрыхуейр. Ауэ дыгъэбыным я адэр гупсысэрт, хэпльэрт. Идж, Алэдамэ жриIам тепщIыхьмэ, зыр зым яужьым ити лIы иритыну къыщIэкIынут, и къуэм къыгурыIуэнут. Абы фIэкIмэ, гува хъунущ.

Пащащэхэм я адэр къыззрысыжар къыщащIэм, зэрызэхьэу къыпежьащ.

- ЩэныфIэу, пщащэхэ! Къэвмыжьыхь, емыкIыу. Фи ныбжь нэсакъэ?! - къешхыдащ абыхэм Дэдей.

- Емыкlу дыкъыымыщI, ди анэ. Куэд щIауэ тлъэгъуакъым ди адэр. Кьытхуэмыгъэсэжу, жэщ дапщэ хъуаУэ дымыжжейуэ дежьэрэ?! - щабэу къэпсэльащ Тэшмий.

Пащащэ нэхъыщIэр иджыри сабий нэкIут, ауэ балигъыпIэ зэриувам и щыхьэту хъыджэбзыпхъэ хъуат. Тэшмий тепльэкIэ Нэптерэ ещхьт, тхьэIухудт.

Пащащэхэм хуэм защIри, щэныфIэу дэкIуеипIэм къытеуващ. Тутхъэлий шу гуп щыгъуу япежьэри, кьригъэблэгъэжащ ахэр.

- Еблэгъэж. Тхьэхэм я нэфыр зыщыхуэн Хьэтусилэ, уи Iэпщэм куэдрэ джатэр быдэу иIыгъыну солъаIуэ! - щхьэщэ ищIащ Дэдей.

- Ди адэ, мы уардэунэр къэбгъэнэхужащ, укъэкIуэжри. ГъащIэ кIыхь ухъуну! Нэхъ фIыгъуи насыпи дыхуейкъым, укъэсыжамэ! - мэIущащэ пщащэхэри.

Хьэтусилэ ипхъу щIыкIафIэхэм Iэплъэ яхуищIащ, хуэарэзыуэ гуащэм гуапэу Iуплъащ. Ищхьэрэ щIынальэм я пщыр узынщэу, текIуэныгъэр къихьауэ къэссжати, ар жэщщ-маХуищ джэгукIэ ягъэльэпIэнут. УнэIутхэр зэрызекъэрт Iэнэр къыптраГъэувэу, пщафIэхэм, бахъэр дрихуейуэ, ерысжьы яфIэсабийуэ ягъафIэрт псоми. Хъыджэбзхэр я анэм хуэдэу Iэпкъльэпкъ лантIэт, гъатхэм зэщIэгъэгъэ епэр гуакIуэу щIэщыгъэт, узрамигъэплъуи тхьэIухудт. Я щхьэц кIыхь Iувыр я дамэм тепхъауэ, я бостей кIыхьышхуэхэр хъыджэбз Iэпкъльэпкъ гуакIуэм хуэфIу, дыгъэпсыр я нэгу дахэхэм иджэгухьу пущащэхэр уэрэшру щызэхэткIэ, тхьэбыным хуэдэу уаIуплъэрт. ЗэщхьэгъэуситIым я зыр къамылыфэрэ адрейр нэхутхьэхумэ, я бынхэр дахэ мэхъу жаIэ. Пэжу къыщIэкIынут ар. Сыту жыпIэмэ, Хьэтусилэ къамылыфэмрэ Дэдей сырыхэмрэ я бынхэм, псалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэну, цIыху дахэ къэхэкIат.

Кьейшэху хъыджэбз пагэт, и нэ къащхъуитIыр, уэзщIаджьыкI нэхъей, къыптриубыдарэ и набдзэ псыгъуэр мащIэу иIэту къопльамэ, Iэнкън уищIырт, и Iуэпэлъ пIащIэми бзаджафэ къытригъэуэрт. Ауэ пщащэр нэхутхьэхут, напшэхут, сырыху гуакIуэти, асыхьэтуи нэгъуэщIынэкIэ уеплъырт, уукIытауэ уи напIэр ебдзыкынрэ зумыгъэнщIыу уи нэр щызу уеплъынрэ къыбгурымыIуэжу. Нэптерэ нэгъуэщIт. Ар и адэм нэхъ ещхьу: къамылыфэ мащIэу, нагъуэу, щхьэц фIыщIафэу, Iуэпэлъ пIырыпIу. Ар цIыху щабэт, гуапэт, и ныбжьым хуумыгъэфэщэну Iущт, зэпIэзэрытт, гъащIэ зыльъэгъуам, куэд зыгъэнэхуам хуэдэу щыспалъэ щыIэт, гущIэгъу, шыIэныгъэ хэлът. Нэптерэ къэзыухъуреихь дунейр, удэхэр, жыгхэр фIыуэ илъагъурт, нэхулъэр къыщызэкIэщIитхъкIэ, дыгъэ хэуэлам хуэусу, бзухэм кьраш уэрэдым щIэдэIукIыу, и бгъэм щызу хьэуа щIыIэтыIэмкIэ бауэу щхьэгъуфбжэм къыдэплъыну фIэфIт. Ар щIэхъуэпсырт нэхущ пшэплъэм зыздигъэбзэхьж щIыпIэ дахэм къыщыхутэну, къыщыхьурт зымыгъэсысэр, псэхугъуэ къэзымытыр а напIэзыпIэрат. А зэман кIэщIым, напIэдахьеигъуэм мыхьэнэрэ гупсэхугъуэу хэлъыр зыщIэр а тIурат. Ар сыту фIыгъэшхуэ, уи нэхэм къалъыхъуэр, уи гур къыщIеуэр, уи псэр зыгъэнэхур кьыззрыпхуэнкьуэр пщIэну.

НыбжьыщитIndia зыхэт лыгъейр къатригъэупщIыIуэрт зы Iэхугъуэ гуэрым - Алэдамэрэ Нэптерэрэ. Зэи зы хэупчIэкъым. ЩIалэр пщыIт, вакъуэу япIыжами. Хьэтусилэ и пхъур зэи пщылым иритынутэкъым, Нэптерэрэ и вакъуэмрэ апхуэдэ гурыIкIэ зэпыщIауи и пщIыхьэпIэ къыхэхуэхэтэкъым. Арат фIыуэ зэрыльэгъуахэр зыгъэнэщхъейр. Арами, зыри яхуещIэнутэкъым. Гум унафэ пхухуэщIыну?!

Нэптерэ мы зэхэвзэхжьжьэ абы фIэкIа хэтыжьыфынутэкъым. И закъуэу и пэш щIэсыжмэ нэхъ кьыщIэрт. ПщащIэр и пэшым гъунэгъу нэхъ хуэхуху джэгу макъыр кIуэ пэтми нэхъ жьжькъу къэIурт. Нэптерэ и щхьэр ехьэхауэ, зэпгуфысыхьауэ, мыпIащIэу пырхъуэм ирикIуэрт. Абы ищIэрт псори джэгум зэрыщыIэри, зыми къэзэримыльыхъуэнур.

- Нэптерэ! - щабэу къэIуа цIыхухъу макъым зэщIигъэувы-Iыкlащ пщащэр.

А макъыр Нэптерэ фIыуэ, зэи щымыгъупщэну ицIыхурт. ПщащэР и пIэм изыгъэжьыхьа макъыр лъапэмкIэ къыщцыхьхьащ, щIыфэм игъэхтхъуу иririжэри, пщащэкъыжмкIэ щыхэкIыжащ. Кьеджар гъунэгъу къыззрыхъур щIыфэкIэ зыхищIэу, Нэптерэ и нэхэр зэтрипIащ.

- Нэптерэ...

Пащащэм зэуи дыдэу зыкъигъаззри, и пащхьэ къитым и нэ фIыцIитIым, и фIэщ мыхъужу, щIэпIлъащ. ЩIалэм и нэгу зэIухам щиплъэм деж Нэптерэ и гур пыжжбзыкIырт. Абы и набдзэ фIыцIэ Iувым къыщIэпIлъ, пщащэм и гущIэм иплъэ и нэ кьабзэитIым Нэптерэ къэзыс, къэзыльпщI ламгъунутъэ лыгъэр щIэзт. Ар хуэлIэрт Алэдамэ мащIэу уигъэщIа и жьаКIэр къыззрыхэуэр фIэфIу, и гур щIыззгъуэд цIыхухъм и мэмкIэ зимыгъэнщIыжу зрикъуэлIэну.

- Алэдамэ! Мы сэрежьжьм къекIуэлIэжьахэм уащIыхэзмылъагъуэр къызгурымыIуэу, зыгуэрми сеупщI мыхъуу... - и напIэр ирихьэжьжащ.

- Умынэщъхьей. ДляпэкIэ...

- «ДляпэкIэ» диIэкъым дэ тIум, Алэдамэ. Ар уэрэ сэри дощIэ. Ауэ сыхуитыжкъым си гум, зыри схуещIэркъым, - и нэпсым къыззпижьыхьащ пщащэм.

- Уэрэ сэрэ ди гущIэм къыщыуша гурыщIэр зымыгъэунэхуа дапщэ тет мы дунеижьым?! Ар тыгъэшхуэщ - лъагъуныгъэр уи гум илъу, абы укъигъэхуабэу упсэунырэ, - хъыджэбзыр тригъэунру хэтщ Алэдамэ.

- Алэдамэ, сыту бзлъыхьшхуэ ар: фIыуэ плъагъум хуиту уеплсэлъэну, и нэгу уиплъэну, гъэфIэгъъыбззкIэуеджану, зэ Iэ дэплъэну ухуимыту упсэуныр.

- Уэ лъэпкъышхуэ укъыхэкIащ, сэ сыпщыIащ... Алхуэдэу хъунщ гъащIэр зэрызэхэлъыр. Зыри ди Iэмалкъым, си псэ, - къарууншэу пщащэм иридзыха и Iэ ижьыр кьиштащ ущIадзэ.

- Си псэ жьыпIа?! Сыту гуапэ... Япэу укъыззджэу аращ апхуэдэу, - и гур кьолъэт Нэптерэ.

- Си нэгу къыщIэзгъэхьэхэну сыхуейкъым уэрэ сэрэ зэпIэщIэ дыхъуауэ, ауэ уэ ущызимыIэж махуэм си гур хъуеувыIэ, набгъэ срехъу. Сэ сыхуитыжкъым си псэми сигуми. Ар уэращ зейр, - пщащэм и Iэр Iитlкlэ иубыдри, и Iупэм хуихьащ.

- Алэдамэ! - Нэптерэ хуейт фIыщэу ильэгъуа щIалэм зрикъузылIэну, и бгъэм и щхьэр трилъхьэу и гур зэрыщеуэм едэIуэну, и пщэм зришэкIыу, зэи имыуТIыпщыжыну.

Абы хэту зымакъ къэIуащ. Нэптерэ и Iэр Алэдамэ кьыIэщIихьжри, псынщIэу пырхъуэм иririжащ, щIалэми джэгумкIэ иГъэззжащ.

«КъэкIуэжащ. Узынщэу къэкIуэжащ. Адрей псори Iэхуэкъым», - егупсысырт Нэптерэ, и лъакъуитIыр зыщIиупщIэжауэ пIэкум ису. Алэдамэ иIыгъа и Iэр пщащэм и кIэлм кIэрилъхьэщ, и щхьэр бгъынж ищIри,

Илъэс пщыкIухкIэ дызыпэплъа дэрэжэгъуэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Джэгум и щIэдзэкIэм гугъэфIхэр дигъэщIат. «Лужники» стадионым къыщыз-зэхуэса цIыху мин 80-м нэблагъэм ебгъэрыкIуэну трагъэгушхуэ ди щIалэхэм куэдрэ заIэжьакъым. Сауд Хьэрыпым къикIахэр абы-хэм хуабжу гугъу ирагъэхьырт икIи мыгувэу Газинский Юрий мы зэхьэзэхуэм и япэ топыр щхьэкIэ дигъэкIащ.

Бжыгъэр къыщIэуха зэрыхьуам хэгъэрейхэм я лъэр нэхъри игъэжэнащ. Ди футболистхэм ящыщу хамэ къэрал щыджэгу закъуэ Черышев Денис Урысей Федерацэм и тепщэныгъэр игъэбгъуащ. Испаниием и «Вильярреал» командэм и гъуащхьэхъуамэнакъуэр джэгуплъ губгъуэм кьиэзэрихьэрэ куэд щIатэкъым. Абы ихьуэжат 25-нэ дакъикъэм фэбжь зыгъуэта Дзагоев Алан.

А пщыхьащхьэм хъуэжыкIафIэ хъуащ Урысей Федерацэм и тренер нэхъыщхьэ Черчесов Станислав. Загъэпсэхуу кьиэзэрихьэкэрэ куэд мыщIауэ, абы джэгуплъ губгъуэм кьригъэхьащ и псалъэ шэрыуэхэм папщIэ куэдым теIуцIыкIыпIэ яща Дзюбэ Артём. Санкт-Петербург и «Зенит»-м Тулэ и «Арсенал»-м бдзэжэну ирита гъуащхьауэм и кьихьи, и кьыхжаныкIи зы ищIащ. Абы зы гуфIэгъуэр зэрихьэ-ти, и гъащIэм кьриубыдэу нэхъ мыхьэнэщхьу дыдэ зиIэ топыр дигъэкIауэ фIэкIа пщIэнтэкъым!

Бжыгъэр 3:0 зэрыхъуам Iэхъур зэфIэкIауэ кьыпщигъэхъунут. Топ нэхъыбэ хьащIэхэм худагъэкIыну кьеэзгъыщэртэкъым, Урысей Федерацэм и Iэтащхьэмрэ Сауд Хьэрыпым и пащтыхьыкъуэмрэ а зэIущIэм зэбгъэдэху зэреплъыр кьэплъытэмэ. АрщхьэкIэ ди къэрал Iэхъуэм апхуэдизу ирихьэжьащати, кьэувыIэжьфакъым. Черышевым еплIанэ топыр хьэрыпхэм я гъуащхьэтетым хьым кьрыригъэхьжащ.

Мис иджы псори зэфIэкIащ щыжытIэм, хэгъэрейхэр штрафной еуэн хуей хъуащ. Ди къэралым кьыщыщIэкI вагъуэщIэхэм ящыщ Головин Александр ар апхуэдизу Iэзэу игъэзащIати, топыр аргуэру гъуэм дэмыкIыныр фIэкIыпIэнпшэт - 5:0!

Хэт и гугъэнт апхуэдэ щIэдзэкIэ футболымкIэ XXI дунейпсо чемпионатым иIэну?! Куэдым ар пщIыхьэпIэу кьащIыхьурт.

ЕтIуанэ махуэм зэхьэзэхуэм пащащ. Ялэу утыку кьихьащ «А» гупым щыдиихьэрхуэрэгъу Мысырымрэ Ругваймрэ я командэ кьыхэхахэр. Ахэр я кьарукIэ зэкIэ зэхуэфащуэ кьыщIэкIащ. Европэм и Чемпионхэм я лигэм и финалым я пашэ Салахь Мухьэммэд щигъэуэта фэбжьым кьыхэкIыу, си ебгъэрыкIуэныгъэр кьэкIэщхъэ хьэрыпхэр нэхьыбэу зыхущIэкъуар кьыз-зэрыхамыгъэщIэнырщ. Ар абыхэм зыкъомрэ кьайхъуIащ, ауэ джэгум и кIэух дыдэм захуэхъумэжакъым. Дуней псом щыщIэрыIуэ Суарес, Ковани, Игуаин сымэ зи гуащхьауэ Ругваймрэ Сауд Хьэрыпым и кьыхэжаныкIыну хуэфIэкIащ икIи пэщIэдзэ очкоищыр зыIэрихьэащ, зыхэт гупым пашэныгъэр щиубыдыну зэрирамурадыр псоми хьэкъ ящищIу.

КъыкIэлъыкIуэ махуэхэм хьэлэмэт куэдыщэ къэхуащ. Ахэр я нэщэнэщ мы чемпионатыр хуабжьу удэзыихэзыну зэрыщытынум.

«В» гупым бжьыпэр щиубыдащ Ираным и командэ къыхэхам. АрщхьэкIэ ар зи фIыгъэр езыхэракъым, атIэ топыр зи гъуэм дэзыгъэкIыжа, Мароккэм и гъуащхьэуэращ. Ар кьыщыхьуари джэгум кьыщIэгъуэ дакъикъиплIыр щиух дыдэращ. Абы иужькIэ зыри пхуэщIэжьнутэкъым.

Мы гупым щынэхъ лъэщу кьалъытэ Испаниемрэ Португалиемрэ зэхагъэкIын хуейуэ хуагъэфащэ япэ увыпIэр хэт лъысынуми. А Iэхъуэгуэр кIыхьлIыхь мыхъуэн папщIэ пэщIэдзэ зэIущIэм куэд елъытат - абы щытекIуэм бжьыпэр Iэрыкъэфынут.

АрщхьэкIэ нэхъ лъэщыр зэхэкIакъым. Португалхэм я пашэ Роналду Кристиан и фIыгъэщ а пщыхьащхьэм я командэр кьыз-зэрыхамыгъэщIэщыр. Испанхэм я гъуэм дыхьэ топищри зейр араща, зыр адрейм нэхъри нэхъ дагъэжу.

Зэхьэзэхуэр кьыз-Iуахыным зы махуэ фIэкIа имыIэжу зи тренер нэхъыщхьэр яхьэужа я хьэрэуэрэгъэхэри къикIуэтакъым - Роналду и дэтхэнэ топми хуэфащэм жэуап иратыжащ, уеблэмэ япэ щищаи къэхъуат. Сытми, зэрытемыгъэкIуауэ, 3:3-уэ, пъэныкъуэхэр зэбгъэдакIыжащ, адрейхэр зэрыхагъэщIэнум шэч кьытрамыхьэу.

ФутболымкIэ дунейпсо чемпионатхэм щыIэпэ дыдэу Урысей Федерацэм кьыщагъэсэбэпу щIадзащ видеодэIэпыкъуэгъуэхэр. Джэгур щекIуэкIкIэ къэхъуар кьыз-зэрыщыхъуам шэч кьытрихьэмэ, судьям Iэмал иIэщ а Iуэхуэгъуэм камерэкIэ трахам елтыжу, кIэух унафэр кьищтэну. Абы и фIыгъэ екIащ франджхэхэм. Австралием щыгъэджэгум я гъуащхьауэ Мбаппе зэуа топыр гъуэм зэрыдзэкIар куэдым ялъэгъуакъым. ВидеодэIэпыкъуэгъуэхэр хьэзырыхьэхэ, Iуэхуэр тэмэму зэхагъэкIащ. Абы ирихьэлIэу командэхэр зэрытегъакIуэртэкIыми, франджхьэм очкоищыр я Iэрыкъыащ.

Перумрэ Даниемрэ я зэIущIэрэ хьэлэмэт хъуащ. Америкэ Ипщэм икIахэм Iэмал яIащ япэ ищыну, арщхьэкIэ пенальтир яхудэгъэкIакъым. Апхуэдэу щыхъум, европейхэм я гур кьыз-зрыгъуэтыжащ икIи очкоищыр кьахуэзыхьа топ закъуэр зрагъэхъуIащ.

Пенальти дзэзымыгъэкIыфар Перум и закъуэкъым. Бжьгъэр 1:1-уэ, Аргентинэм и пашэ, дунейм и футболист нэхъыфIу кьалъытэ Месси Лионель метр пщыкIузым и деж щыту хигъэщIэфакъым Исландием и гъуэр. Я командэм дэщIыну цIыху мин бльщIым нэблагъэ Урысей Федерацэм кьэкIуа исландхэм абы дэрэжэгъуэу кьаритар Iуэтэжыгъуейщ.

Аргентинэр зэрыльэпэрэпар кьыригъэсэбэпри, «D» гупым бжьыпэр щиубыдащ Хорватием и командэ кьыхэхам. Гугъу демыхьыщэу абы 2:0-у хигъэщIащ Нигериер.

Дыгъуэсэжэщ Мексикэм щIыр щыхъеящ, Ар кьыхьэжкIар дунейм и кьэхъуащIэ шынагъуэхэр кьам, атIэ я командэ кьыхэхам и гуащхьауэ Лосанэ Ирвинг 36-нэ дакъикъэм Мэхуу и «Лужники» стадионым нэмыщхэм щахудигъэкIа топыращ. Ар телевизоркIэ зыльэгъуа цIыху мелуанэкIэ апхуэдизу ину зэуэ зэрыгъэкIиятIи, щIыхьей мащIэ кьагъэхъуащ. Лосанэ и топым жэуап игъуэтакъым икIи иджыпстукIэ дунейпсо чемпиону щыт Германиер пэщIэдзэ зэIущIэм кьыщыхагъэщIащ. Апхуэдэ нэхъапэм зэи къэхъуатэкъым.

Дэтхэнэ зэхьэзэхуэми щытекIуэн хуейуэ къальытэ Бразилием и командэ кьыхэхар. ИкIи ар гурыIуэгъуэщ. Гуп нэхъ лъэщыр чемпион хьууэ щытамэ, Бразилием сыт щыгъуи дыщэр лъысынут. АрщхьэкIэ дапщэщи абы и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэр... езырац. Джэгур зэрагъэдэхэным дихьэхыу ар кьыщыхагъащIэ кьыщыхъуу щыIэщ. Апхуэдэу щыт пэтми, бразилхэращ Дунейпсо Кубокыр нэхъыбэ дыдэрэ - тхуэнейрэ - зыIэрыхьар. Пэжщ, нэмыщхэмрэ итальянхэм абыхэм кьаззрыкIэрыхур зымащIэ дыдэщ. Ахэр зыльэщIамыгъэхьэжьын папщIэ пентакампионэхэм (тхуэнейрэ чемпионхэм) я екъуIэныгъэхэм кьыпащэн хуейщ икIи абыкIэ ди къэралым щекIуэкI зэхьэзэхуэр Iэмал гъуэзэджэщ.

ЗэкIэ бразилхэр бэлэрыгъащ. Джэгум и япэ Iыхьэм икуэм тыншу бжьыгъэр кьызэрыщызэIуахьифам ахэр игъэсабыращ икIи текIуэныгъэр я Iэрыльхъэу кьаригъэльытащ. АрщхьэкIэ Швейцариием и командэ кьыхэхар иджыпсту Европэм щынэхъ лъэщхэм ящыщщ. Абы Бразилием пигъувыфын кьэтхуащ икIи, бжьыгъэр зэхуэдэ ищIыжри, ар япэ иригъэщакъым. Ахэр зыхэт «Е» гупым бжьыпэр сербхэм щауубыдащ. Коста-Рикэр абыхэм ерагъкIэ хагъэщIащ, топ зэкъуэ худагъэкIри.

Ялэ джэгугуэр иджыри гуп псоми щызэхэтакъым. АрщхьэкIэ иджыпстуи нэрылъагъущ ди къэралым щекIуэкI дунейпсо зэхьэзэхуэм щыху мелардкэр зэритхьэкъуар. Футболым и къарур апхуэдизкIэ инщи, гуныпкъэ псори напIэзыпIэм зэпеупщIыф икIи лъэпкъэр зэкъуегъуэвэф. Ар нэхъ кIащхъэ ищIыфакъым хамэ я къэралхэм я къулыкъущIэ куэдым нэмыплъ кьудату, кьызэрытхуэмыкIуам.

Ныщхьэбэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэIущIэ Санкт-Петербург щызэхэтынущ. Урысей Федерацэмрэ Мысырымрэ я командэ кьыхэхахэм зыкъомкIэ зэхагъэкIынущ а тIум ящыщу гупым хэт кьыхэкIыными. Хьэрыпхэр игъэльэщыну хуагъэфащэ игъуэта фэбжьыр зыгъэхьужа я гъуащхьауэ щIэрыIуэ Салахь Мухьэммэд. ЗэпэщIэтыныгъэм сыхьэт 21-м щидзэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

«А» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. Урысей Федерацэ	1	1	0	0	5-0	3
2. Уругвай	1	1	0	0	1-0	3
3. Мысыр	1	0	0	1	0-1	0
4. Сауд Хьэрып	1	0	0	1	0-5	0

КъУэдзокъУэ Хьэсэн Жыраслъэн и къуэр



Зеикъуэ къуажэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым, Бахьсэн щIыналъэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэм гущIыхьэ ящыхъуащ егъэджакIуэ емыIэощыж, зи Iэщ1агъэм фIы дыдэу хэзыщIыкIыу, гъэсэныгъэм и щапхъэу кьалъытэу щыта цIыху гуапэ КъУэдзокъуэ Хьэсэн Жыраслъэн и къуэр дунейм зэрехыжар. Хьэлъэу сымэджа нэужь, и ныбжьыр илъэс 83-нэм иту ар дунейм ехыжащ мэкъуауэгъуэм и 14-м.

КъУэдзокъуэ Хьэсэн Жыраслъэн и къуэр КъБАССР-м щыщ Бахьсэн щIыналъэм хьихьэ Зеикъуэ къуажэм кьыщалъхуащ 1936 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м. Ар кьыщыхъуащ зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу псэу мэкъумэшыщIэ унагъэшхуэм, щIэблэр адыгэ хабзэм щIэпIыкIыныр щагъэнэхъыщхьэу щытам.

Зэрысабийрэ абы дальэгъурт пэжыгъэр, зэпIэзэрытагъыр, нэхъыжьхъэм пщIэ яхуэщIыныр - ахэр зытемыкI хьэл-щэнт, апхуэдэуи щIэныгъэм хуэпабгъэрт. Псом хуэмыдэу Хьэсэн кьехъулIэрт бжьыгъэхэм епха щIэныгъэхэр. Зыхилхъэ щымыIэу абы фIыуэ илъагъурт математикэмрэ физикэмрэ. Курыт еджапIэ нэужьым, 1953 гъэм ар щIотIысхьэ Къэбэрдей къэрал педагогикэ институтым икIи нэхъыфIхэм хабжэу ар кьеух. Мыбдежьым кьыхэдгъэщынщ, 1957 гъэм КъБКъУ-р кьызэIуаха нэужь, Зеикъуэ къуажэм щыщу ар яп1а дыдэу кьэзыухар Къуэдзокъуэ Хьэсэн Жыраслъэн и кьуэрщ. Совет Армэм и дзэхэу кьухьэпIэ къэралхэм щыIэхэм ящыщ зым кьулыкъу щищIэу кьэкIуэжа нэужь, абы лэжьэн щIидзащ. Къуэдзокъуэ Хьэсэн Жыраслъэн и къуэм и гъащIэм и кьекIуэкIыкIам гъащIэгъэнагъуу хэлъхэм ящыщщ зыпэрыта IэнатIэхэтI кьыщагъэльагъуэ и тхьилъым зы тхыгъэ закъуэ фIэкIа зэримытыр - Зеикъуэ къуажэм дэт курыт еджапIэ N2.

И гъащIэр щIэблэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ труиуэрэ, а Iэщ1агъэм ар илъэс 54-м нэблагъэкIэ хуэпэжащ, абы щыщу илъэс 40-кIэ Къуэдзокъуэм ирихьэкIащ жэуаплIныгъэшхэр зыпылъ Iэнатl - школым и унафэщIым егъэджэныгъэгъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и хуэдэзу щытащ. И лэжьыгъэ нэхъыщхьэм кьыдэкIуэу, илъэс 26-кIэ ар гурыятащ пщыхьащхьэкIэрэ щрагъаджэ школым и унафэщI кьулыкъум.

КупщафIэу щыта а илъэсхэм Хьэсэн и нэIэ ятетащ зеикъуэдэс ныбжьыщIэ куэдым, ахэр физикэм, математикэм дригъэхьэхыу. Абыхэм иужькIэ щIэныгъэхэм я кандидат, доктор куэд къаухкIащ. ЕгъэджакIуэ гупымрэ сабийхэмрэ ядэлэжьэжакIэ, Къуэдзокъуэм сыт щыгъуи гупыIэтэ хэха яхуищащ ахэр зыхуэныкъуэхэм. Езыр цIыху щабэт, зэпIэзэрытти, дэтхэнэ зыми зэрепсэлъэн бзэм ихъахуигъуэтыфырт.

И лэжьыгъэфIым папщIэ Къуэдзокъуэр мызэ-мытIэу ягъэпэжащ - КъБР-м ЩIэныгъэмкIэ и министерствэм, РОНО-м, жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьабгъэдэкI щыхь, фIыщIэ тхьилъ куэд дыдэ кьыхуагъэфэщащ. Ауэ тыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэу абы кьилъытэу щытар и еджакIуэ щэ щыгъэкIэ ди гум илъинщ.

КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэхмкIэ и министерствэ, Бахьсэн РОНО, Зеикъуэ къуажэм и администрацэ, Зеикъуэ дэт курыт еджапIэ N02, Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ.

● Дзэлыкъуэ щIыналъэ

IэнатIэхэр къапщытэ

Дзэлыкъуэ щIыналъэм ехъулIэныгъэкIэ къыщрахьэлIащ техникэм шынагъуэншэу ирилажьэным хуэхаха мазэ Iуэхур.

ЩIЫНАЛЪЭ администрацэм и унафэкIэ къыхалъхьа мы Iуэхум теухуауэ къыззрагъэпэща комиссэр иджыблагъэ «Псынэдахэ» мэкъумэш предприятэм щыIащ икIи зрагъэлъэгъуащ мэкъумэшыщIэхэм губгъуэ гъэжьыгъэр зэрызэфIах мэкъумэш техникэхэм я щытыкIэр. Кьэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, СХПХ-ми фермер хозяйствэхэми техникэ я лъэныкъуэкIэ я Iуэхур Iейуэ пхужьIэнукъым.

Гъавэм, жыгым, хадэхэкIхэм елэжь IэнатIэхэм ящыщ куэдым иджырей зыхуейзыхуэфIхэмкIэ хъарзынэу зыгъэфIагъэхьащ. Апхуэдэхэр лэжьыгъэр хьумэным ехьэлIа кьалэнхэмри жэуаплныгъэ хэлъу бгъэдохьэ. АрщхьэкIэ ныкъуасныгъэ здэщыIэхэри къахэкIащ. Комиссэм хэтхэм абыхэм пIалъэ пыухыкIахэр хуагъэуващ. А зэманым кьриубыдэу АПК-м и IэнатIэхэм техникэ шынагъэншагъэм ехьэлIа зэхуэмыхьуныгъэхэр щагъэзэкIуэжьынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Щапхъэ

БгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ

Лэскэн щIыналъэм хыхьэ Анзорей къуажэм къыщыхъуа КIуащ Залым цIыху гуапэщ, медицинэ лэжьакIуэ Iэзэщ.

КъУАЖЭМ дэт 1-нэ курыт еджапIэр 2003 гъэм кьиуха нэужь, ар щ е д ж а щ КъБКъУ-м и медицинэ колледжым. 2007 гъэм еджапIэр кьиухри, кьыщалъхуа жылэжьым кьиг1ъэзэжащ щIалэщIэм. ИкIи абы дэт щIыналъэ сымаджэщым и дэIэпыкъуэгъу псынщIэм фельдшеру лэжьэн щыщIидзащ. 2009 гъэм лэжьыгъэр Iэщ1ыб ищIу, илъэскIэ къэралым кьулыкъу хуищIа нэужь, абы кьигъэзэжри и Iэнатl эм пэрыувжащ. Зэрылажьэм хуэдэури абы и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Ставрополь крайм хьихьэ Нартсанэ кьалэм дэт медицинэ колледжым. Узынщагъэр зэтезыгъэувэж физкультурэ езыгъэщI Iэщ1агъэлIу абы кьыщIэкIа нэужь, Залым лэжьэн щыщIидзащ иджыблагъэ Анзорей кьыщызэIуаха медицинэ Iуэхущ1апIэм сымаджэхэм я Iэпкъльэпкъым зыщрагъэхуэнудийуэ иIэ кьудамэм. Зэрылажьэ зэман мащIэм кьриубыдэу, зыхэт гупым и мазакъуэу, сымаджэу кьеКIуалIэми яг у дыхьэну хунэсащ щIалэщIэр.

И лэжьыгъэм утепсэлъыхьмэ, тыншкъым, дауи, махуэ кьэскIэ, цIыху 40-м нэблагъэм зырызыхъэу я узынщагъэм сэбэн хуэхъуну IэмэпсымэхэмкIэ уеIэзэнырр, дэтхэнэми гуапэу, шыIэныгъэ пхэпIу уепсэльыпIэнырр.

Сымаджэр узым пэлъэщынырр кьудкIэ зэлъытар абы еIэзэ дохутырыщ, Iэщ1агъэлIырщ. Апхуэдэм кьыпкъырыкI гуапагъэм узыр псынщIэ пщещI, гукъыдэжи кьует, кьохьэлъэкI узым нэгъуэщIынэкIи урегъэплъ. Залым узым зэщIиубыда цIыхум бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ кьыхуегъуэтри, фIэщхъуныгъэ иретыж, сытым дежи нэхъыфIым хуэплъэу, гъащIэр фIыуэ ялъагъуу зэрыщытыным кьыхуреджэ.

- Лэжьыгъэр мытыншми, зы цIыху нэхъ мыхъуми нэхъыфI хуэдиз, абы уэ хуэпщIэмкIэ сэбэн хуэхъуауэ щыIэхэпщIэм, щыплъагъум деж уи гугъуехьэхэри пщогъупщэж, - жеIэ абы.

КIуащыр и кьару емыблэжу и IэнатIэм зэрыпэрытым кьыпэкIуэу мызэ-мытIэу кьыхуагъэфэщащ щытхъу, щIэхъ тхьилъэр. Кьыдэлажьэхэм я мызакъуэу, дэIэпыкъуэгъу зыхуэхъу сымаджэхэм захуэбгъаззмэ кьыбжаIэнущ ар и IэнатIэм хьэлэту, игури и псэри етауэ зэрыпэрытыр, сыт хуэдэ IуэхуэкIи абы уи дзыхь ебгъэзмэ укъыз1эррмигъэщIэхъунур. Гум кьыбгъэдэкIыу а псалъэ гуапэхэр кьыпхужаIэн щхьэкIэ езэши щхьэхи умыщIэу сымаджэхэм гугъу задебгъэхьын хуейщ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Налшык

Театр ЩхъуантIэм фрагъэблагъэ

Налшык и Театр ЩхъуантIэм и гъэмахуэ лэжьэгъуэр гъэщIэгъуэн ищIыну и мурадщ.

ИДЖЫБЛАГЪЭ къыхалъхьа жэрдэмым ипкъ иткIэ, Театр ЩхъуантIэм и утыкум дяпэкIэ щагъэлъэгъуэнущ цIыхубэр нэхъ зыхуэзэша, щIэупщIэ зиIэ кинофильмхэр. Гъэмахуэ мазэхэр иухыху фильмхэр мэрем махуэ къэс екIуэкIынущ. Абы щыщIидзэнур пщыхьащхьэм сыхьэт 20-рщ. ЗэманкIэ дызэIэбэкIыжмэ, мыпхуэдэ кино гъэлъэгъуапIэхэр япэу къыщыщIэуахауэ щытащ Прохладнэ, Май къалэхэм, Налшык и Къэбэрдей уэрамым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ныкъусаныгъэхэр гъэкIуэдыжын

● Джэрпэджэж

«Налшык и унэ къъахэхуу къызэтещхэнкIэ щынагъуэхэм щыхухэр къыщIагъэкIыну властхэр епIэщIэкIыркъым» тхыгъэр 2018 гъэм мэлылъжьыхьым и 4-м Интернетым и «NEWS-R» сайтым къыззрыралъхьам къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм пщэрылъ щищIри, Налшык къалэм и прокуратурэм абы къыщыгъэлъэгъуахэр къыпщытащ.

КъАЛЭМ и щIыпIэ самоуправленэм и органхэм я лэжьыгъэр къыщащыщытэм сэтей къащIащ Урысей Федерацэм и Къалэхуэу кодексым, федеральнэ законхэу «МафIэс щынагъуэнщагъэм и IэхуэкIэ» 1994 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къыдэкIа №69-ФЗ-м, «Щыхуэхэм я санитар эпидемие зэIуэзэпэщIыгъэм и Iэхуэхэ» 2002 гъэм щыщылъэм и 10-м къыдэкIа №7-ФЗ-м, «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм реформэ щегъэкIуэкIыным щIэгъэкъуэн зэхуэныкъмкIэ фондым и IэхуэкIэ» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къыдэкIа №185-ФЗ-м, «Унэхэмрэ псэуалъэхэмрэ я щынагъуэншагъэм и техникэ регламент» 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къыдэкIа №384-ФЗ-м, «Щыпсэу мыхъуну икIи ихьан хуейуэ къальытэ унэхэм щыхуэхэр къыщIэгъэIэпхъуэкIыныкIэ 2014 - 2015 гъэхэм ятещIыхьа муниципальнэ программэм и IэхуэкIэ» 2013 гъэм мэлылъжьыхьым и 29-м Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа унафэ №967-мкъагъэувэжэр къызэрызэпаудыр.

Къэпщытэныгъэхэм къарикIуахэм Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр щыгъуазэ ящIри, Налшык къалэм и прокуратурэм абы хуигъэльэгъуащ ныкъусаныгъэхэр игъэкIуэдыжыну.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къашокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэмIэпыдж Замирэ, Хьэжьакъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; узынщагъэр зыхъумэныкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхха бжьгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтеуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). Компьютерхэр газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 1.901 ● Заказ №607